# МагIаруллай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 2 / 2026

| СВО | ГIасрабазул хIухьел | Хъизан | Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон |
|---|---|---|---|
| *Донбасс – нилъер ракIазулъ...* | *Гьакъоса Билкъис* | *Кидаго горочаз сверун ккун* | *Цо гIаданалъул хабар* |



## Зада Макъсудова

***ХIалтIиги хъизанги жубараб къисмат***

«Женщина Дагестана»
*на аварском языке*
№ 2/2026

***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан

***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru

***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru

***Ответственный секретарь***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru

***Редактор русского выпуска***
А. М. Бабаева aida-babayeva2012@yandex.ru

***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru

***Редактор даргинского выпуска***
П. М. Сулейманова zehra.fatimat@mail.ru

***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru

***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru

***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru

***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru

***Корреспонденты:***
А. Тажудинова, В. Ратенкова, Р. Бакидов,
С. Эмирова

***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru

***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru

Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.

***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.

Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф

Дата выхода в свет 27.04.2026 г.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0403. Тираж (2567) 530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05–00429 выдан Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** – М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

# *Журналалда руго*

1 Редакторасул калам
***Цоцазда рельълъинчIезул цольи...***

2 Инсан
***ХIалтIиги хъизанги жубараб къисмат***

6 СВО
***Донбасс – нилъер ракIазулъ...***

10 Муса МухIамадовасул 100 сон тIубаялде
***Хъабало***

12 Адабият
***ХIикматаб сайгъаталъул къваридаб къиса***

15 Адабият
***Шагьри ХIажилова***

16 ГIасрабазул хIухьел
***Гьакъоса Билкъис***

20 НекIсиял биценаздаса
***Къисматазул нухал***

22 РекIел къуват
***Эбелалъул ракI...***

26 Гьалде кIвар кьола
***Менделеев Кавказалда***

30 Заманцояй
***Халкъалъе пайдаяйлъун йикIине бокьун буго!***

34 Хъизан
***Кидаго горочаз сверун ккун***

38 Литературияб гьумер
***«Пулька»***

40 Лъайкьей
***Гьеб цо дир бергьенлъи гуро***

44 Лъайкьей
***МугIалим мисаллъун вукIине ккола!***

48 Искусство
***Дир амру: сураталъе зарал гьабуге***

52 Россиялъул халкъазул цолъиялъул сон
***Цо гIаданалъул хабар***

55 Баркула!
***ТIолгороссиялъул миллияб премия***

***POST scriptum***

57. ***Как сохранять энергию?***

58. Своё дело
***Стиль как путь и опора***

61. День поэзии
***Дагестан вдохновляющий***

62. Своё дело
***Там, где живёт красота: Школа Кристины Акоповой***

64. ***Милый дом***

На обложках:
I – Зада Максудова, директор Кегерской СОШ, заслуженный учитель РД
IV – Работа С. Савельевой



# *Цоцазда релълъинчIезул цолъи...*

Гьаб 2026 сон Россиялъул Президент В. В. Путиница лъазабун буго Россиялъул халкъазул цолъиялъул сонлъун. Россиялда 300-ялдасаги халкъал рукIин хIисабалдеги босун, пачалихъияб даражаялъул кIвар бугеб суал гьеб букIиналда щаклъиго гьечIо. Гьезда гьоркьоса лъеберго-ялдасаги цIикIкIун халкъал гIумру гьабун руго гьитIинаб Дагъистаналда. Гьелгощинал халкъал ракълида ва вацлъиялда рукIиналъул мисал буго Дагъистан дунялалъего. Тарихалда гьечIо нилъер халкъазда гьоркьоб тунка-гIуси ккеялъул хIужжа. Нилъ, кканани тушман нахъчIвазеги цолъун, кидаго рукIана ракълилаб гIумруялда. Рохелги цадахъ къварилъиги цадахъ. Гьеле гьеб буго бищун аслияб гIасрабазул тарихалдаса нилъеца босараб дарс. Нилъер кIудив Расулица гурищ хъвараб: «Дир тIадегIанаб халкъ – дир гьитIинаб халкъ!..» – илан.

Жакъаги дагъистаниял руго гIелмуялъулги, искусствоялъулги, спорталъулги, ватIан цIунулезулги рахъалъ цебесеб кьерда. НекIого нилъеего ва тIолабго дунялалъе цоцазда релълъинчIел халкъазул цолъиялъул мисал бихьизабуна нилъеца. Гьелда хурхун дие абизе бокьун буго – киналго Россиялъул халкъазул, гьеб халкъалъул цо чи хутIун ватаниги, ихтиярал цIунизе кколилан! КIудиял сценабаздасан биччанте киназдаго рагIизе кигIан гьитIинабги халкъалъул мацI. Россиялъе кутакалда хIажат буго пачалихъияб даражаялда кIудияб хIалтIи гьабизе гIемерал миллатазулаб, гIемерал культураязулаб, гIемерал мацIазулаб Россиялъул ирс цIунизе.

Россиялъул халкъал, баркула Россиялъул халкъал цолъиялъул сон!



Хамис Шамилова,
*бетIерай редактор*

## Зада Макъсудова



# ХIалтIиги хъизанги жубараб къисмат

***Гъоркьияб КIогьориб росуго гьалъие школалъун буго, нусгоялде гIагарун цIалдохъабиййилан абуни – тIолабго гьелъул хъизан. Лъай-хъвай гьабе – Зада ГIисалмухIамадовна Макъсудова. Гьей ккола Гъуниб районалда буге Гъоркьияб КIогьориб росдал школалъул мугIалим. Сайталде раккани, гьениб дагьабги къокъго – КIогьориб гьоркьохъеб школалъул директор, 45 соналъ хIалтIулей йигей Дагъистаналъул мустахIикъай учитель, кьола математикаялъул дарсал, буго тIадегIанаб категория ва тIаде къабул гьарула 9ялдаса 4ялде щвезегIан, – илан хъван буго.***

Гьеб кинабго битIараб буго. Амма гьеб буго суратaлдасан мегIералъухъ ралагьараб гIадаб жо. Борхалъи, гьорол сас, харил махI – щибго гьечIеб. Гьелъул гIумру гIажаибаб рокьул асаралъ цебе бачунеб буго. «Дида гIемер цIехола, мун пенсиялде щай инчIейилан, – гIажаиблъи гьабулеб буго Задаца, – дида суалцин бичIчIуларо. Дунго дидасаго, дирго гIумруялдаса дун кие иней? Школаги лъималги дир хIалтIи гуро. Гьеб буго дир гIумру. Гьеб гьечIого дихъа бажаруларо».

Гьале гьелъул гIадатияб къо. Къо байбихьула дарсаздаса, лъималаздаса, директорасул рукIунел хIалтIабаздаса. Ункъоялдаса хадуб байбихьула бищунго аслияб – гьелъухъе рокъоре рачIуна лъимал. Гьезда гьоркьор руго гIисинал, бесдалал, инвалидал, захIматаб гIамал-хасияталъулал. КIиго-лъабгоял гуро – къогогIан чи. Гьелъ кумек гьабун, квер чIван гIумрудул нухде тIобитIана нусгоялдасаги къисмат. «Цо-цо мехалъ, свакаялъ, тIокIаб бажаруларилан кколеб букIуна. Амма нуцIил кIалтIа божилъигун духъ балагьараб кIиго бер бихьидал, гьеб свак гьадингосеб жо букIин бичIчIула. «Жаниве лъугьа, дарман!» – илан каранде къала. Кире кIанцIилел? Гьезие хIажат буго кумек!»

Кинха гьеб гьедин ккараб? «Дицаго гьабуна гьединаб хIукму. Дида халлъана Гъоркьияб КIогьориса лъималаз цIали рехон толеб букIин, цогидаб росдал школалде ине рикIкIадаги, захIматабги букIиналъ ва хIукму гьабуна школа рагьизе. МагIарухъ хабар хехго тIибитIулелъул, гIадамазда бичIчIана КIогьориб кумек щолеблъи ва бесдалго хутIарал, мискинаб хъизаналдаса, къварилъи ккарал лъимал: «Цо щиб бугонигигIаги лъан букIине», – йилан рачун рачIине байбихьана». Малъизеги гьалъ байбихьана, бикьи-кьабиялдасан гуреб, тукадаса босизе бугелъул сияхIалдаса ва гьелъухъ кьезе кколеб гIарцул къадаралдаса. «Математика учебниказда жаниб букIунеб жо гуро, математика буго базаралда букIунеб жо. Нужго махсароде кколаредухъ гIарац рикIкIине лъазе кколилан малъана дица гьезда. ВукIана дир цо вас гьеб жубай-бахъи бокьуларев. Дица кьун




гIарацгун гьев витIана тукаде. ТIадкъана чед, рахь ва лъабго гIеч босизе. Гьев, кинабгоги босун, вохуца холаго вачIана: «БитIун рикIкIанилан, тукечи цIакъ рази хутIана», – йилан. Гьелдасан байбихьана кинабго. ГьитIинаб бергьенлъиялдаса. Цин инсан жиндирго хIатIазда вахъун чIезавизе ккола, гьев живго жиндаго бажариялда божизе ккола, гьелдаса хадур рукIина теоремаялги уравнениялги. Гуронани, чIобогояб ботIрода жанисан гьел гьебсагIатго къватIире роржун уна».

Официалияб къагидаялъ Зада ГIисалмухIамадовна йиго Дагъистаналъул мустахIикъай учитель, унго-унголъун абуни – киназулго эбел. 2014 соналъ гьей ячIуна МахIачхъалаялда бугеб рехон тарал гIиссинлъималазул рокъое ва рихьула лъабго унтарал лъимал – Сережа, Мурад ва Хадижат. Гьел рукIуна захIматал унтаби ругел, инкар гьабурал лъимал. РатIа гьаризе бажаричIого, гьелъ лъабалго рачуна. «Цого къварилъиялъ рухьарал гьел лъабалго гьитIичал рихьидал, – илан щакъраххана Зада, – дида гьел ратIа гьаризе кIвечIо. Гьадинги къисматалъ гьезухъа кинабго бахъун букIана. Эбеллъи – лъимер гьаби гуро. Гьеб рехон тезе кIунгутIи буго».

Гьел лъималазе эбелалъул рокьиялъ мугIрул гьаваялъ ва лъикIаб кваница гьабураб кумек бихьидал, врачал гIажаиблъи гьабун хутIана. Гьел тIегьан рачIана. Сережа магIарул мацIалда кIалъазе лъугьана, Мурадил, барометралда гIадин, гьава-бакъ лъалеб гьунар батана.

Гьеб киналъего замангIаги кин дур гIолебилан гьикъидал, гьелъ квер хьвагIун тола. Сордо хала-

лъухъе цIалула Макаренкол, Толстоясул тIахьал, балагьула кин захIматаб хасияталъул лъималазул рекIелъе нух батилебали... «Мисалалъе, вац хун хадуб, рецIел босизе нух балагьулев ватана дида цо вас. Дун гьесда божилъигун гIемер гаргадулаан. Бигьаго букIинчIо. Ццидаца гьев жаниса кунев вукIана. – Гьа, тIаса лъугьун те, – йилан гьесда абизе битIун букIинчIо. – Пикру гьабеха, дур вацасе мун чиги чIван туснахъалда вихьизейищ вокьилев вукIарав яги лъикIав врачлъун, учительлъун яги инженерлъунищ? – илан гаргадана дун гьесда. Гьев гIуна лъикIав чилъун, гьанже Москваялда юристлъун цIалулев вуго. Гьединал мисалал гIемер руго. Дир сихIруяб тIил гьечIо, дир буго гьелгун гаргадизе гъираги заманги. Цо-цо мехалъ руцIцIухIун аскIор рукIаралги гIола. Гьез жидецаго байбихьула ракI рагьизе... ГIайиб-гъвел гьабулареблъиялда ракIчIедал. Дица гьезда бичIчIизабула лъикIлъи – гьеб тамахлъи гуреб, бищунго къуватаб къуват букIин».

Зада ГIисалмухIамадовналъул баракаталдалъун Гъоркьияб КIогьориб школа, къазеяли щай къалеб, бищунго лъикIаб школалъун лъугьана. Гьеб школаго гуро, унго-унгояб кIудияб хъизаналъул рукъ буго. Гьенир лъимал кванала, кьижула, дарсал гьарула, гIумру гьабула. Задаца жинцаго росула кванил нигIматал, богогьаналъул харжалде жиндирго харжидаса тIаде журала кепкал. «Щибха гьабилеб дун математик йикIунилан, бухгалтериялда цифраби данде рачIунел гьечIони. Харж гIоларого букIуна валлагь. Амма лъимералда, дир гIарац лъугIана, жакъа чурпа гьечIилан кин бичIчIизабилеб? Дица дицаго квинчIого кьела гьезие кинабго».

Задал азбаралда буго лъабго рукъ. Лъабалдаго жаниб буго гIумру. Гьелъул жиндирго вас Марат ва ясал кIудиял гIуна ва эбелалъе кумек гьабулел руго некIого.

– Лъимал руго дир аслиял кумекчагIи, – йилан абуна гьелъ чIухIигун. – Гьелги цогидазда цадахъ гIуна ва чурпадул хьаг босун рачIинги, цогидазе дарсал гьаризе кумекги гьезие гIадатияб жолъун букIуна. Цо-цо мехалъ дида: «ГIодое йиччай, баба, кинабго лъикI букIина», – йиланцин абула гьез.

Цодагьаб цебегIан Зада ГIисалмухIамадовна Макъсудовалъе Республикаялъул бетIер Сергей ГIалимович Меликовас кьуна «За заслуги перед Дагестаном» абураб орден – Дагъистан Республикаялъул бищун тIадегIанаб шапакъат. Гьелъие гьеб, къиматаб шапакъат гуреб, жий битIараб нухда йикIиналъул гIаламат буго.

– Шапакъаталдасги къиматаблъун букIана дие гьев, кIудияв вац гIадин, кинабго бичIчIун ва чияр хIалтIул къимат гьабун кIалъай. Орденалдаса кIвар бугеблъун буго гьанже щибаб кварталалъ Меликовас лъималазе ритIун рачIунел сайгъатал ва ретIелкун. Баркала гьесие, гьелъул магIна буго ниж нижго цохIо гьечIин абураб. Лъималазе гьеб буго кIудияб рохел. Дир цо къоялъги ракI бухIичIо гьадинаб къисмат тIаса бищиялдаса.

***Гьале гьадинаб къисмат. 45 соналъ гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ гуреб, щибаб къоялъ гьабулеб лъикIлъиялъул хIакъалъулъ. Гъоркьияб КIогьориб ЭБЕЛ йигелдаса нахъе, гьел лъималазул кинабго лъикI букIина. Гьей мугIалим гуро – гьей йиго рокьул цIурай ЭБЕЛ. СихIтун хинкIал цIеде ралей, анцIабилеб нухальги добго масъала бичIчIизабулей, каранде къан гIодоре риччазаюлей, кверги ккун аскIой гIодой йикIуней – ЭБЕЛ. Гьаниб батIияб къагIидаялъ букIине рес гьечIо.***

***Саният Эмирова***



Радмила Кагьриманова

# Донбасс – нилъер ракIазулъ...

***Рагъулал мухбирзабигун, тохтурзабигун, медсестрабигун цадахъ, волонтеразги кIудияб гуманитарияб кумек гьабулеб буго Донбассалъе ва рагъул цебесеб мухъалда ругел нилъер рагъухъабазе. Жидерго гIумруялъе бугеб хIинкъиялъухъ ралагьичIого, гьез рагъухъабазе бищунго хIажатаб сурсат щвезабула. Гьелда гъорлъе уна, квен-тIех, ретIел-хьит, дару-сабаб, рахчиялъе сеткаби, рацIцIалъиялъул алатал ва хандакъазда жанир къваригIунел хIедул чирахъал гуребги, техникаги: рациял, бецIлъуда бихьулел алатал, рагъулаб техникаялъул цогидалги тайпаби, транспорт...***

*Киналго цадахъ...*

Анахалум Ферзалиева ккола Хив мухъалъул Лака росулъа табасаранай. Гьелъул хъизаналъул щибав чиясе волонтерлъи лъугьун буго гIумруялъул магIналъун, рухIияб ахIилъун, ВатIаналде бугеб кIудияб рокьи ищалдалъун загьир гьабилъун. Гьел гIицIго рагIаби гуро. ГIадамаз гьелъул гIадатияб рокъобе бачуна СВОялда рагъухъабазе пайдаяблъун букIине бегьулеб щинаб жо. Щибаб къо байбихьула фронталъе хIажатаб къайи-цIа ва квен-тIех хIадур гьабиялдасан. Гьей чIужугIаданалъ букъула, щватаби хьухьуна. 500-ялдаса цIикIкIун хинал квасул щватаби ва табасараназул халичаби ритIана гьелъ фронталде, СВОялъул рагъухъабазда, бищунго гьезие хIажатаб, рукъалъул хинлъи чIвай мурадалда.

«Единая Россия» партиялъул МахIачхъалаялъул Кировасул цIаралда бугеб районалъул координатор, гьелъул кIудияй яс Полинал вас ГIабдуллаев ГIабдуллагь СВОялъул цебесеб кьерда вагъулев вуго. Гьес контракталда гъулбас гьабуна 2022 соналъул марталда. Гьелдаса нахъе, КIудияб ВатIанияб рагъул заманалъго гIадин, жиндирго гьалмагъзабигун цадахъ, гьес дандечIей гьабулеб буго нилъер улка кверде босизе мурад бугел хъачагъал-улкабазде.

– Фронталде унев мехалъ, – ян бицана Полинаца, – дир анцIила микьго сон барав васас дида абуна: «Нижецаги цIуничIони, лъица, эбел?», – илан. Къокъабго отпускалъ гьев вачIиндал, хъизаналъ, мавлидги гьабун, СВОялда ругел рагъухъабазе гьитIинаб, кисиниб лъолеб 500 Къуръан битIана. Ва жакъа эбелалъул рекIелъ буго жиндирго васасдаса ва гьесул киналго рагъулал гьалмагъзабаздаса чIухIи.

*Налъи ва рекIел ахIи...*

Бищун гьитIинай яс Радмилаца волонтерлъи гьабизе байбихьана 2023 соналъ, жиндирго вацгIал Ферзали Ферзалиев СВОялда чIван вачIиндал.

– Гьесул хвел нижер хъизаналъ цIакъ захIматго къабул гьабуна. Гьелде щвезегIанги дун военкоматалде чанцIулго щун йикIана, диего бокьун фронталде йитIеян. Дир медобразование гьечIолъи батана бахи-



не кIолареб гIорхъилъун. Ва гьедин дун лъугьана волонтерлъун. Гьедин байбихьана дир хIалхьи гьечIеб гIумру. Дица цIакъ кIудияб баркала кьола къоло щугоялдаса цIикIкIун соналъ рагъулаб учеталъул инспекторлъун дун хIалтIараб Централияб больницаялъул хIалтIухъабазе: дие цадахъ хIалтIулез божизе захIматаб квербакъи гьабула, разилъун йитIула дун щибаб нухалъ СВО ялъул зонаялде. Радмилал хасаб баркала буго Вишневскиясул цIаралда бугеб РКБ ялъул нухмалъулесе, гуманитарияб кумек бакIаризе бакI чIезабуралъухъ.

Рос Заман Кагьриманов лъугьана Радмилае сундулъго кумекчилъун; тIоцересел къояздасаго кумек гьабулеб букIана гьес гьелъие. Гьебго заманаялъ бижана волонтеразул отрядалъе «СВОи» абураб цIарги.

– Дуца гьикъулеб буго дие захIмат букIанищан. Психологияб рахъалъ, букIана. Амма заманалдасан дие хIалбихьиги щвана. Жакъа дун лъала Дагъистаналъул рагъухъабазда гурейги. Цогидал регионаздаса рагъулал хъулухъчагIазги гьарула кумек ва дир телефоналъул номер кьола цоцазухъе.

*«СВОи» ...*

КIочон тезе кIоларо гьелда тIоцебесеб нухалда Югалъулаб Донецк областалде ва Запорожьялъул мухъалде гьабураб сапар. Волонтералъ бицана тIоцебесеб гуманитарияб кумек жинца Централияб больницаялъул хIалтIухъабазул кумекалдалъун бакIаранилан.

– ГIадамазда рагIизе байбихьана нижер сапаразул хIакъалъулъ ва СВО ялда фронталда ругел рагъухъабазе хасал посылкаби ритIизе лъугьана. Гьелъ хадубккунги сапаразде гъира базабуна. СВО ялъе къваригIунеб бакIарулаан батIи-батIиял районаздаса; гьединго нижеца республикаялъул киналго школаздаса кагътал ва суратал ритIана фронталда ругел ва госпиталазда ругел солдатазухъе. Гьедин, гуманитарияб кумек бакIаруларо, дагь-дагькkун гьудулзаби гIемерлъана, гьезда гьоркьор улкаялъул цогидал регионаздасаги.

Радмилаца бицана рагъухъабазул гьариял цIакъ батIи-батIиял рукIунилан ва гьелъ хIалтIиги бигьа гьабулилан.

– Нижеца нилъер васазе бакъвараб гьангун хинкали гьарула, гьаналъ ва

нисулъ цIурахинкIал гьарула. Рукъалъул махIги хинлъиги чIвалел гIемерал тIагIамал росула нижеца гьезие.

Радмила лълъадарун йиго, гIемераб лъикIабги квешабги бихьиялъ. Гьелда цо рагъухъанас гьарун буго генератор босейилан, гьебги босун гьенире щвелалде, гьев чIван ватун вуго.

Камиязде ругьунлъизе рес гьечIин мукIурлъула Радмила. Ва киназдаго гуро гьединаб кьварараб рагъулаб тартиб хIехьезе кIолеб. Амма гьелда цо лахIзаталъцин цебе чIезабизе кIоларо рагъулаб марафон чIезаби. Гьединлъидал гьелда ричIчIула, госпиталазда ругел, хехго сахлъизе къваригIарал ва гьудулзабазухъе гIедегIарал рагъухъаби.

– Гьединго йикIуна дунги, щибаб нухалда гуманитарияб кумекгун къватIие яхъунаго: дунги дир гьалмагъ Людмила Салинаги гьечIони, кин рукIинел нижер лъимал, гьадинал къиматал посылкабиги, лъималазул кагъталги, улбузул кверал гьарурал гьуинлъабиги гьечIогойилан.

***ЧIубараб дунял. Улкаялъул тарих...***

Кидаго гIадин СВО ялъул зонаялъе битIула, 20–25 тоннаялъул юк баччулел машинаби цIураб, фронталъе хIажатабщинаб къайи: гьекъолеб лъим, квен гьабизе къваригIунеб, хIадурарал кванил нигIматал, чед, гьан, гьуинлъаби ва цогидабги. Гьаб нухалъ МахIачхъалаялъул бегавул Джамбулат Салавовас кумек гьабуна цIатариялъухъ гIарац кьезе – щибаб сапаралда гьелъухъ 90 азаргоялдаса цIикIкIун гъурущ гIарац уна нижер.

– Гьеб гIаммаб иш ккола, – ян абулеб буго Радмилаца. – Нилъ нилъер рагъухъабазе маякаллъун рукIине ккола. «СВОи» щвечIеб бакI хутIун батиларо фронталъул мухъ унеб бакIалда: Курскалъул рахъ, ЛНР, ДНР, Белгородалъул область, Мариуполь, Мелитополь, Авдеевка, Макеевка, Горловка, Токмак, Бердянск, Берестовое, Приазовск, Белгород, Волуйск, Докучаевск, Ясиноватая, Лисичанск, Алчевск, Михайловск, Херсон ва Запорожье – СВОялда бищунго хIалуцарал бакIал. Щибаб нухалъ рагъухъабигун ракIалдаса унарел дандчIваял.

Дица гьикъана Радмилада цодагьаб бигьаяб хIалтIи балагьизе яги хIухьбахъи гьабизе бегьуларищилан. Бергьенлъи щварабго гьабила хIухьбахъийилан абуна Радмилаца, бер къапичIого.

***Хъизаналъ щибиланха абулеб?***

Радмилалги Заманилги буго кIиго лъимер. Вас Юнус – школалъул цIалдохъан, яс Айна – педучилищеялъул студентка. У, бигьаго букIунаро гьезие, кIудадагун ва кIодоэбелгун жалгоги рукIун, эбел СВО ялде йиччазе.

– Амма дир къапарал лъимал руго, – ян абуна Радмилаца гьимулаго. – Гьезда цебеккунго лъала волонтерлъи захIматаб ва жавабияб хIалтIи букIин. Гьелъул магIна ккола гьел унго-унгоял гIадамаллъун гIезе рукIин. Гьеб ккола гьезие кьолеб тарбиялъул бутIа. Бищунго аслияб – гьел кидаго жидерго улкаялъе хилиплъизе гьечIолъи.

Нижер кIалъаялъул ахиралда Радмилаца гьарана, тIоцебесеб къоялдаса нахъе жидеда цадахъ рагъухъабахъе сурсатал щвезарулев вугев МЧСалъул водитель Мусаев МухIамадие журналги хIалае ккун, баркала кьейилан.

Радмила Кагьримановалъул китель берцин гьабун буго «За доблесть» медалалъ ва цогидалги жамгIиял шапакъатаз. Амма волонтералъе бокьуларо гьелъул бицине. Гьеб кинабго шапакъатазда бараб жо гуро, гьеб буго ВатIаналде бугеб рокьиялда бараб...

***ГIайшат ТIажудинова***



# Хъабало

КIикъоялда лъабабилеб сональъул ихдаде къараб мех букIана. Цебесеб сональ бакъги бан, мукъсанго гурони тIорщелги бачIинчIого, бачIараб гьебги тIагIараб, тIаде гIурччинлъиги баккичIеб, бищунго лазат бахъараб заман букIана. Дунги гьитIинай яцги картошкаялъ хьихьун рукIана: щибаб богое щу-щу тIамулаан нижеца гьеб цIеде. Цинги белъиндал, чехъон хIаризе гьебги гьабун, тIаде гIатIал хIурги щван, карщги гьабун, кваналаан. ТIагIана картошкаги, лъугIана гIатIги, байбихьана рокъоб бугеб къайи-къоно бича-хисизе. Ахиралдаги гъансиниса къватIибе бахъана мунагьал чураяй эбелалъул букIараб къатIипадул хъабало. Ицил даруги тIаде щван, тIупа-куцун лъун букIана гьеб яцалъе бахIарлъуе букIинеян. Звархи букIунаан гьелда букъараб гIарцул, каранде къалел къадирабазул. ХергIурччинаб букIана гьелъул кьерги. Бадиб магIуги ккун, ялагьун

йикIана яц дица гьеб сукIа-рукIун къандалъоялъуб лъолеб куцалъухъ. Диргоги ракI гIекколеб букIана. Ракъуца къотIана базаралде. Дица щибунги яхI гьабилаан букIараб, кивениги хIалтIизе инаан. ИчIго сон барай яцалда щибилеб? ЦохIо хъахIилал берал хутIун рукIана гьелъул гьурмада чIагояй жал, гIазукьан раккарал гIазулдахIаби гIадин. Мадугьалзабаз кьураб хинкIил рекел, родол хъаба – гьеле нижее ахираб анкьалъ щвараб квен.

Къокъана базаралде. Гьениб тIорщел къанагIат гурони букIинчIо. Бугебги гьебсагIат хъамун ана, хъатица гIарацги кьун. Дир хъабалоялъухъги кьолеб букIана гIарац. Амма дие гIарац хIажат букIинчIо, гIатI-тIех къваригIун букIана. Гьениб цо херав чияс гIакълу кьуна ГохIдулъе адила, дир вас, мун, гъоркьиса дозул доба хур лъикI бачIанила, доба Дарбищин абурав чиясул гьоцIиб щибаб къоялъ базарги букIунила.

Вилълъанаха ГохIдулъе. Дида цереги хадурги гьенирехун унел хIамихъаби рихьулел рукIана. Гьезухъ халичаби, тIансаби, тIощалихъ хисизе шалал, хъубчул ругоан. РещтIана гьенив росулъ. Дарбищин абулев чиясул гьоцIиб, абухъего, базар буго. Базаралда дицаги бахъана хъабало къватIибе. Чанго чIужугIаданалъ цIехана багьа. Цоялъ сахI богIол кьелин абуна, цояй рикьи пурчIинаялде ячIана. Къалиялде вахунев чиго ккечIо. «Гьалда бугебщинаб гIарац бихьуларищ нужеда, гьале къадирабиги», – ян къварилъахъдана дун, гьез гьададигIан нижее хирияб, эбел бахIарай гьаюлеб мехалъ, «рукъгIанасеб» оцги кьун, босун букIараб хъабало инжит гьабураб мехалъ. «ГIарацги къадирабиги хинкIал гуро, гьез гIадан гIорцIуларо», – ян абуна цо чIухIарай гIаданалъ. ГIоди-гIодиялде ккун, гьелъие кьезе жавабги лъаларого, дирго хIамида аскIов эхетун хутIарав дида аскIове вачIана бакъуца гIурччинаб кьер бахъараб рагъулаб ретIелги ретIарав чи, гIунтIун гIансагун. ГIажаибго ургьибе бортулеб гьимигун валагьана гьев дихъ. Гьикъа-бакъарана. Гьаракьги букIана гьесул хIеренаб, гIаданлъиялъулъ ччун бахъараб. Дурго хIамаги бачун, дида хадув вилълъаян абуна гьес. Цинги гьадал дица нужее рехсарал рагIаби ахIана лъадуде, квегIидехун хьван араб басрияб кавудухъан жаниве лъугьунаго.

Нахъисеб къоялъ къандалъо цIураб бугIаги лъуна хIамида, богIода гъорлъ кагътилъ жемараб мохмохил цо залимаб суйги лъуна. Гьирида тIасан, гьаб яцалъе теянги абун, квербацIцIалъулъги жемун, гьадаб нижерго къатIипадул хъабалоги бухьана.

«Нух битIаги, дир вас», – ан абуна гьес, нижги нухда тIоритIун. Гьев вукIун вуго дир инсул цевесев гьобол. Эмен чIаго вукIинчIониги, гьесда ниж кIочон ратичIо. Гьоболасул сайгъатгун вуссиндал, яцалъул бадиса рохалил магIу чвахулеб букIана.

***Муса МухIамадов***

# XIикматаб сайгъаталъул къваридаб къиса



Мурадие цIакъ бокьун букIана жиндирго учительница СалихIат ХIамзатовналъул бертаде цо кинаб бугониги сайгъат гьабизе. ГIадатияб гуребха. Киналго хIикмалъизарулел. Эбгиха, жиндирго кверaз гьабураб.

Гьесда лъалаан кIодоэбелалъул жиндихъе кьезе гIарацги букIунареблъи. Бокьун букIинчIо классалдаса ватIатIун чIезеги. ГIемер ургъана гьев сайгъаталда тIад. Ахирги ракIалде ккана, жинцаго сураталги рахъараб, щибаб сураталъе хабар яги кечI хъвараб альбом хIадур гьабизе. Гьелдаго цадахъ СалихIат ХIамзатовналъул суратги тIад бикIараб цIулал вазаги гьабулеб букIана Мурадица.

ГьитIинав Мурадица унтарай дахIабабае хъулухъги гьабизе кколаан. БачIараб пенсияги дарабазухъ кьун лъугIулаан. ДахIабабаца эбеллъиги эменлъиги гьабуна гьесие. Мурад гьавулаго, хвана гьесул эбел Марям. Эменги лъазего лъалароан гьесда. Макьилъгицин вихьулаан гьесда гьумер лъаларев эмен. ЦIакъго цIакъ урхъун вукIана гьев инсухъ. ДахIабабада цадахъ эбелалъул хабадеги унаан Мурад. Суратал рахъизе махщелги эбелалдасан ирсалъе щвараб букIана гьесие. ГIажаибго берцинал сураталха рахъулел рукIарал

Мурадица. Эркенабщинаб заманалда эбелалъулги, инсулги, дахIабабалги суратал рахъулаан гьес. Гьесда лъалаан инсул батIияб хъизан бугеблъи, амма бичIчIулароан щай гьес жив рехун таравали. ДахIабабахъанги гьеб суалалъе жавабго щолароан, кIудияв гIураб мехалда дудаго бичIчIилилан абураб гурони.

Мурадил рукъалъул къадал цIун рукIана эбелалъул суратаз. Гьенисан васасухъ ялагьун йикIана пашманал беразул берцинай гIадан. Щаялиго Мурадица цеечIезаюлаан пашманай эбел. ТIабигIаталъул сураталги гьединалго пашманал рахъулаан гьес – цIад, гIазу, горо, хасалихълъи, гIицIал гъутIби, тIогьилаб кьер, накIкIаз бахчараб бакъ, гьединалго мугIрул… Сураталгун гаргадизеги бокьулаан Мурадие. Учительзабазги веццулаан гьев. Мурад гIун вачIунев вукIана кIудиязул адаб-хъатир бугев, учительзабазул малъараб гьабулев, загIипал цIалдохъабазе кумек гьабулев васлъун.

Мурад вукIана школалъул чIухIилъун. Гьесие бищунго суратал рахъизе бокьулаан. Гьесул суратазул выставкаги тIобитIана районалда, школалда, росдал библиотекаялда. ГIемерал шапакъаталги рукIана Мурадил. СалихIат ХIамзатовналъеги чанги рецц-бакъ щвана гьесул баракаталдалъун. Районалъул конкурсазда бергьарав гьев Республикаялдеги витIулаан. Амма, бесдалавилан абунгIаги, гьесдехун кинабгIаги гурхIел букIинчIо учительницаялъул. Щиб багьана батунги, Мурадил ракIбакъвазабизе хIаракат бахъулаан гьелъ. Учительницаялъ абулеб хIеренаб рагIигицин рагIичIо гьесда цониги нухалъ. Цогидал учительзабаз гьарурал бадирчIваязги йитIизайичIо мекъи ккарай СалихIат ХIамзатовна.

КъвакIараб, кьварараб гIамалалъул вукIиналъ батила, Мурадица жиндирго къварилъи киназдасаго бахчулаан, гьесул магIуги лъиданиги бихьулароан. Амма пуланасул ракI пашманлъиялъ бецIцIулеб букIунаан. Гьев гIемер ургъулаан щиб гьабундай учительница жиндехун недегь гьайилейилан. Гьес киналъулго хIалбихьана, амма хIасил ккечIо. Гьеб ккезе классалда ругезги толеб букIинчIо, гьел гIедегIулаан чиякъав Мурадидасан гIарзахъдизе. Хасго гьелъие кIудияб махщел букIана цIализе пагьму-гьунар гьечIев «вортунчи» АхIмадил.

Цо къоялъ дахIабабаде аскIое ячIарай мадугьалалъ бицунеб рагIана Мурадида ЦIияб соналдаса хадуб СалихIат ХIамзатовналъул бертин бугилан. ГьебсагIаталъго гьесул ботIролъе бачIана пикру учительницаялъе кинаб бугониги хирияб сайгъат гьабизе. Гьеб параялъгоги ракIалде щвана хириял сайгъатазе жиндир гIарац букIунареблъи. Цинги ракIалде ккана суратазул альбом гьабизе. Мурадил ракIчIун букIана цIалдохъабаз кьурал сайгъатазда гьоркьоб гьеб бищунго лъикIаб букIине букIиналда. Гьес цевечIезавулев вукIана учительницаялъул берталъ кьурдулев живго:

– Киназго сверун ккурал бахIаравги бахIарайги. Мурадил классалдеги ирга щвана учительницаялда баркизе. Гьале къачIа-кIатIарав Мурад, босун учительницаялъул суратал рахъараб альбомгун, сверуде щвана. Альбомалда берчIварабго, бахIарай гьимана. Гьелде данде кьурдулев Мурадие, хIалчIахъадилан, киназго хъатчIвалеб букIана.

Цебе чIараб гьеб сураталъ Мурад живгоги вохизавуна, талихIалъул цIурал бералги рукIана кенчIелел. Ва Мурадица байбихьана, макьу тун, квен тун, къокъабго болжалалда СалихIат ХIамзатовналъул лъимерлъиги, гIолиллъиги, школалда хIалтIулеб заманги, студентлъиялъул саналги рахъизе. Суратаздаго цадахъ гьезие дандекколеб хIалалда тIабигIатги гаргазабуна Мурадица. Щибаб сураталда гъоркь жинцаго гьабураб кечIги хъван букIана гьес. ЦIулал вазаялда учительницаялъул суратги букIана бикIун. ДахIабабаца гье-

сие цІияб костюм-тІажуги гьелдаго релълъарал чІегІерал туфлабиги росана, костюмалде данде кколеб галстукги балагьана.

Гьале тІаде щвана СалихІат ХІамзатовналъул бертадул къо. Классалъул нухмалъулелъе сайгъаталги росун рачІана Мурадил классцоялги. Гьесул цодагьабго ракІбакъвана – киналго рачІун рукІана улбулгун цадахъ. Мурадида цадахъ берталъе яхъине кІолеб хІал Сакинатил букІинчІо. БукІаниги, цогидал лъималазда цадахъ улбул рачІине ругеблъиги лъан, гьелъул рекІее хІалхьи букІинчІо цадахъ щивниги гьечІого Мурадги виччан.

БахІараб мехалда букІараб гурдеги ретІун, ботІрода гормендоги чІван, гІунтІун гІансагун дахІабаба школалде ячІиндал, вихха-хочана Мурад. Гьелде данде векерун унев Мурадидаса талихІав чи гьеб лахІзаталъ вукІунцин ватиларо. Вай дир дахІабабал берцинлъиян кколеб букІана гьесда. ЧІухІадго ретІа-къарал руччабаздаса чанго нухалъ берцинай йигин дахІабабайилан вохун вукІана Мурад. Амма гьеб пикру цохІо гьесул букІин якъинлъана берталъ.

Огь-гьай! Зобалги ракьалги цоцалъ кьабгІулеб гІадаб гьаракь бахъун батила Мурадил ургьимесалда жаниб, киназдасаго батІаго, бищунго нахъисеб столалда нахъа бищунго берцинай дахІабабаги живги гІодор чІезаридал. Гъол чІухІарал руччабиги гъозул лъималги, бертадул залалде жанире лъугьун рахъиналде, дандеги рекерун рачІун, жалго гІадал чІухІараз чІухІараб столалда нахъа гІодор чІезе рачун ана. Мурадида бихьана дахІабабаца гормендоялъ магІу бацІцІунеб. Гьес бихьичІеб ххвел гьабуна, амма цІакъ захІмалъана гьесие дахІабабал магІу. Берталъ кьурдизе бугеб гъира-шавкъги свана, классцояв ГІабид кьурдулев вихьидал. Цо гьесул букІараб гьункьа-кІучиха! Босун вахъайилан абулеб гІадин, Мурадида цо-цо гъоркьан берал речІчІизарулел рукІана гьес. Лъиениги ургъел букІинчІо Сакинатилги Мурадилги.

Киналго классцоял кьурдулел рукІана бахІарайгун, гьейги горсвериялъул бакьулъе ккезаюн. ГІодой чІарайго, бахІарай цІидасанги сверун ккуна лъималазги улбузги. Цинги кьун бачанаха гьелъие гІарац: цояз конвертазухъ лъун, цогидаз балеб букІана тІаде. Кидаго Мурад инжит гьавулев вукІунев ГІусманил инсуца машинадул кІулал кьуна бахІаразухъе, берцинаб гъутухъалъусаги росун. ГІусман вукІана классалъул староста. Гьале цее ячІана Басирил эбелги. Гьелъги бахІаралъе багьаяб телефон кьуна. Муслимил инсуца кІудияб телевизор кьуна. Черолеб машинаги холодильникги рокъобе щвезабизе бугилан абуна ГІалил инсуцаги. КъватІисел пачалихъазул сервизалги росун ГІазрал эбелги тІаде щвана.

ВецІцІулаго магІидагун, кверги ккун дахІабабаги ячун, Мурадги щвана бахІаралде цеве. БахІаралъул столалда альбомги аскІобго вазаги лъун, Мурад лъутун ана берталъа. Сакинатиеги бокьун букІана бахІаралъе гьара-рахьи гьабизе, амма тамадаяс гьелъухъа микрофон нахъе босана, кІалъазе рахъине ругезул сияхІалда дур цІар гьечІиланги абун. ДахІабабаги ана берталъа нахъе.

Мурадида хадуй хабзалалъе ана гьей. Бабал зонода къвалги бан, гаргадилев вугев гьесда аскІой гІодойги кІусун, къварилъахъдизе лъугьана Сакинат. Борхалъудасан гьезухъ балагьун Чиякълъиги букІана.

Нахъисеб къоялъ школалда бицунеб букІана СалихІат ХІамзатовналъе щварал сайгъатазул. Мурадил классцояв ГІузаирил инсуца гьелъие лъабго рукъалъулаб квартираялъул кІулалги кьун рагІула. СалихІат ХІамзатовна кколаан росдал бетІерасулги школалъул директоралъулги ясс.

Лъицаниги цІар бахъичІо Мурадил хІикматаб, бищунго къиматаб ва багьа тІадегІанаб сайгъаталъул.

***Шамай Хъазанбиева***



ХIикмалъи дунялалъул
дуй бихьизе бокьани,
Балагье зобалахъан
роржун унел хIанчIазухъ,
Зобал сардилъ къалъулел
къиматал дол цIвабзазухъ,
ЦIвабзазул горсверулъан
лъедон унеб моцIалъухъ,
МоцIрой канлъи бикьулеб
багIар бакъул кунчIидухъ.

# *Шагьри ХIажилова*

* * *
ГIаздал хIенхIал тIадагьго руго сверухъ сверулел,
Жавгьар гIадин, тIабигIат буго сверухъ кенчIолеб,
ХIикматал маргьабазул кIалгIаби кинигинан,
Рогьалил нуралъулъе буго дунял лъедолеб.

Рохьил мухъал гIурччинал гъутIбуз руго берцинлъун,
Гьенир ахIдолел хIанчIахъ зобал руго гIенеккун,
ГIададаб гIумруялъул куркьбаз зодихъе ккурал
Дагъистаналъул мугIрул руго бакъуе кунчIун.

Хасалил ахирисел къояз гъулбас гьабураб,
ГIатIидал авлахъалда гIаздал тIегь буго тIегьан.
ТIогьол тIамхалъ хулараб щубил маржаназул цIал
Зодил бакъул кунчIиялъ буго зодихъе цIалеб...

Бокьулин МугIрул Улка буго дица шурулеб.

* * *
Борхатаб мугIрул тIогьиб тIегьараб гIинтIидул гъветI
ТIадагьаб гьуриялъул роржадулъ парпадана.
Гьелъул тIогьиб рещтIараб гьитIинаб хIанчIил бакънал
Къиматаб сайигъатлъун гьелъ зодир росун ана.

ГIатIидаб дунялалда гьел бакъналъан рагIана:
– Салам, мугIрузул тIалъи, салам, тIогьол расалъи.
Гьезухъ гIенеккун тIугьдуз бутIрул зодир рорхана,
Борхалъуда гьел бакънал тIадагьго гъапуллъана.

Гъулдулъан унеб лъарал лъугIел гьечIеб чилиги,
Чвахун балеб цIадалъул цIорорал тIирабиги,
МугIрул тIогьазда бугеб берцинаб тIабигIатги,
РакIалдещвеяца дий жакъаги цIигьабуна.

# Гьакъоса Билкъис

Гьакъоса Билкъис йикIана, балагьаб къисматалъул, бахIарчияй гIадан. ЦIакъ берцинай гIаданги йикIун йиго Билкъис гIолохъанаб мехалда. I974 абилеб соналъ гьал мухъазул авторасда тIоцее Билкъис йихьидалги, гьей йикIана 60 соналдаса кьурарай дангъва бугей кIудияй гIадан.

Араб гIасруялъул лъеберабилел соназул кIиабилеб бащалъиялда Билкъисил вац Нуцалхан вукIун вуго Ункъракьалда инкъилабалдаса хадуб бачIараб репрессиялъул зулмуялда дандечIаразда гьоркьов, бищунго лебалазул цояв, бахIарчияв гIабурикI. ГIабурикI абула абрекасда. ХIукуматалъулаз эзда «бандиталин» абулеб букIун буго. ГIабурикI бандит кколаро, бандитас цеве ккарав чиги гъара гьавула, чияр боцIиги бахъула, бикъула, гIадатиял гIадамалги талавур гьарула. ГIабурикIас гьединал жал гьаруларо, гьел гIицIго хIукуматалъул сиясаталда данде рагъула, хIукуматалъе кумек гьабулел чагIазе, рахьаназе гурого гьез заралги гьабуларо.

Билкъисил вац Нуцалханил божарав гьудул вукIун вуго Хушеталдаса Къурбан абурав живго гIадинав лебалав гIабурикI. КIиявго гьудул цадахъ рукIунел рукIун руго рохьаздаги мугIруздаги, ккараб бакIалда цоцазе квербакъиги гьабун, вацал гIадин! Хушеталдаса Къурбан НКВДеялъул чукъбузухъе ккезе щун вуго росулъе кванил сурсатазда хвадув вачIиндал ва Хунзахъ хъалаялда жанив тIамун вуго. Гьесул хъизан-кулпаталъул чагIиги рукIун руго, лъагIелалъ церего туснахъ гьарурал, гьебго Хунзахъ хъалаялда. НКВДялъул чукъбуз Къурбанида абун буго, дуца нижее Гьакъоса Нуцалхан кквезе кумек гьабунани, нижеца мунги дур гIагарлъиги туснахъалдаса тархъан гьаризе ругилан. Къурбан разилъун вуго. Гьединаб къотIи-къайиги гьабун, лъутун вугилан, хадубго кIудияб хъуй, ахIи-хIурги бахъинабун, НКВДеялъ Къурбан къватIиве виччан вуго туснахъалдаса. Хушеталдеги рачIун руго НКВДялъул чукъби Къурбан цIехолел ххвелал хIазе! ГIадамазда гьоркьоб хабарги тIибитIизе гьабун буго, Къурбан вугеб бакI бицарал, гьев кквезе кумек гьабурал чагIазе хIукуматалъул рахъалдасан гIарцулаб сайигъат кьезе бугилан…

Къурбаница Нуцалхан чIванани, яги НКВДялъухъе кквезе щвезе гьавунани, гурого гьесул гIагарлъи къватIибе биччазе къотIиги букIун гьечIо. Гьединал шартIазда къотIиги гьабун, Къурбан, бащдаб лъагIелги жаниб бахъун, туснахъалдаса тIадвуссун росулъе, ай Хушеталде вачIун вуго. Амма росулъе щваравго мугIрузде ун вуго: загьиралда – жиндирго «абреклъи» хIазе, батIиналда – Нуцалхан чIвазе. Къурбан туснахъалдаса лъутун вугилан рагIидал, Нуцалхан рохел загьир гьабизе гьудуласда аскIове вачIун вуго, эсда цадахъ Якъуп абурав Хушеталдасаго гIабурикIги вукIун вуго. Къурбан доб заманаялъ ЧIеро мархьуда, (кули) вукIун вуго! Къад-къад Нуцалханги Якъупги чанареги ун, нохъода, чIараб бакIалда квен-тIех гьабизе



толев вукIун вуго Къурбан. Цо къоялъ маркIачIул гIужда чанаса тIад вуссарав Нуцалхан, кванан хадуса квешаб чохьол унтиги речIчIун, рахIатги бахъун, вегун вукIун вуго. Кванилъе загьру жубан букIун буго Нуцалхание Къурбаница. Загьруялъ хвезе гьавизе ватиларилан хIинкъарав Къурбаница туманкIги речIчIун чIван вуго хвалил гIазабалда вукIарав Нуцалхан. Гьезда цадахъ вукIарав Якъуп абурав Хушеталдаса абрек нохъодал кIалтIа кьижун вукIун вуго гьеб мехалда. Кьвагьараб тункIил гьаркьихъ тIуркIун ворчIарав гьасда Къурбан вихьун вуго жиндаги речIчIизе тIуманкI битIизабулев ва гьев бецIаб сардилъ нохъодаса къватIивеги кIанцIун, лъутун вуго. Якъуп тIадагьго лъукъун, лъутун ворчIун вуго.

Нуцалханил жаназа Хушеталде бачIун буго ва НКВДялъул чагIи рачIинегIан хабалъ лъезеги биччан гьечIо. НКВДялъул чагIиги рачIун гьез изну кьедал вукъун вуго. Хушет росдал рагIалда хасаб бакI букIун буго доб заманаялъ «бандитал» рукъулеб – росдал хабалалъ рукъизе риччалел рукIун гьечIо абрекал, рукъаниги къаникьаги рахъулел рукIун руго НКВДеялъулаз.

Жиндирго гьудулас Хушеталда вац чIван вугилан рагIидал, Гьакъоса гIолохъанай гIадан Билкъис, чIварав вацасул ретIелги ретIун, гьесул ярагъги борчун, тушманасдаса къисас босизе нигат-къасдаги гьабун, гьаги гьедун къватIие яхъун йиго. МаркIачIул гIужалда Хушеталдеги ячIун, цадахъ кумекалъе чиги гьечIого, сардилъ, жинцаго, хабалъа вац вахъун вуго Билкъисица, тушманасул росулъ тIулил вац жинца теларилан. КIиго цIияб хоб батун буго гьелда хабалазда аскIо-аскIоб. Цо хоб бухъидал, гьениб чияр жаназа батун буго Билкъисида. БукIухъе жаназаги букъун, кIиабилеб хоб бухъидал, вацасул жаназаялда тIаде ккун йиго. Жаназаги мугъалда чIван, сордо рогьинелде Цихалазул гIорхъоде щолеб бакIалде, борхатаб магIарда тIаде щун йиго Билкъис. БецIаб сардилъ гуреб, къадгицин хIинкъарал кьурул парсаздасанги, чIедерал сухъмахъаздасанги, гъваридал кIкIалабахъанги 5-6 километр нухлул нахъа тун буго Билкъисица сордо рогьинелде. Гьениб рохьоб жаниб къоги бан буго, къад гIадан-чи нухда данде ккеялдаса хIинкъун. ГIадан-чиясда йихьани, НКВДялъулазда лъаялъул кIудияб хIинкъи букIун буго. Дунял рукIкIиндал, вацасул жаназаги баччун, сордо рогьиналде, цIидасан додиналго хIинкъарал нухалги нахъа тун, свакванги холаго, 4-5 километралъги ячIун, Цихалахъе щун йиго Билкъис. Гьениб, Цихалазул хабалазда вукъун вуго Билкъисица Нуцалхан.

Вацасул жаназаги Цихалазул хабалазда хIалхьезабун, Билкъис ун йиго мугIрузде, рохьазде, абреклъиялда вац чIварав тушманасдаса къисас босизе! ТIад Хъваршиниса АлимухIаммад абурав цIар рагIарав, лебалав чи вукIана доб заманаялъ Ункъракьалъул мугIрузда абреклъиялда. Вац чIварав тушман кодов щвезе гьесдасан кумек щвелин абураб мурадалъги, гIолохъанай гIаданалъе мугIруздаги, рохьаздаги, нохъабаздаги, цохIого йикIине бегьулареблъиги хIисабалде босун, Билкъис, ГIалимухIаммадие ун йиго.

Доб мехалда мугIруздаги рохьахъги рукIарал киналго гIабурикIазда гьоркьоб цIар тIибитIун буго Билкъисил. Ункъракьалъул мугIруздаги рохьабахъги доб заманаялъ 60-65 гIабурикI вукIун вуго. Яцалъул гIадинаб тIалаб-агъазги гьабулеб букIун буго

гӀабурикӀаз Билкъисил. Ракъи-къечалдасаги цӀорой-квачалдасаги цӀунизе гьезул щулияб мугъчӀвайги щолеб букӀун буго гьелъие.

Цо чанго сонги мугӀрузда, нохъабазда бан, кӀиго-лъабго чи чӀван вуго Билкъисица Къурбанил гӀагарлъиялъул. Амма живго Къурбан кодов щолев вукӀун гьечӀо.

Цо нухалда щибго гӀайиб гьечӀей Хушеталдаса Аминат абурай гӀаданги чӀван йиго Билкъисица. Къаси бецӀаб гӀужалда цӀорол гордухъан жаниб Къурбанида речӀчӀараб тункӀил алххараб гуллица аскӀой йикӀарай Аминат чӀван йиго. Рокъоб нартичирахъалъул мукъсанаб гурого канлъиги гьечӀого, гулла алххун буго ва Аминатида щун буго.

1944 соналъ Ункъракьалъулал Чачаналда гочине гьаридал, Хушет росдал жамагӀатгун цадахъ Чачаналде гочун вуго Билкъисил тушман Къурбанги. Гьесда хадуй Чачаналде ун йиго Билкъисги. Гьелъул рос, ТӀад Хъваршиниса АлимухӀаммадица инкар гьабун буго Чачаналда ине. Билкъисицаги гьесдаса цӀар тӀами тӀалаб гьабун буго. Гьедин ратӀалъун руго гьел.

Цо-цо гӀадамаца бицуна, дой Аминат абурай Хушеталдаса гӀаданги Билкъисица Чачаналда чӀванилан, Шарой вилаяталда Гъоркь Хашакь абулеб росулъ, магӀарухъ Хушеталда чӀвачӀилан. Гьединабги буго бицен.

Амма живго Къурбан щун гьечӀо Билкъисихъе чӀвазе. Гьев кодов щвеялъе гӀологи, яхчун-кьерун хадуй чӀеялъе санагӀалъиялъе гӀологи, ГӀабдулкерим абурав цо чачанасеги ун йикӀун йиго Билкъис. Кинниги, Къурбан гӀужиде восизе щвелалде, НКВДеялъ ккун йиго гьей ва диваналъ 20 сонги къотӀун туснахъ гьаюн йиго. Жаниб 8 сон байдал, 1953 абилеб соналъ Берияца гьабураб амнистиялда гъоркьеги ккун, туснахъалдаса тархъан гьаюн йиго Билкъис.

Туснахъалдаса ячӀаралдасаги, гӀумруялъ жий хвезегӀан балъгого Къурбанида хадуй лъугьун йикӀун йиго гьей, тушманасдаса къисас босичӀого теларилан. 1960абилел соназ Хушетисел Ункъракьалдаса лъарагӀлъиялде гочине гьаридал, Къурбанги росугун цадахъ Таркиялде (ЦӀияб Хушет) гочун вуго. ЦӀияб Хушет росулъе жанире лъугьунеб бакӀалда, нухлул рагӀалда, даран-базаралъе халкъги буссунеб, аскӀор гӀисинал тукабиги ругеб, автобусал-маршруткабиги чӀезарулеб бакӀ букӀана доб заманаялъ, гьанже гьенир чӀахӀиял тукабиги, мини-маркеталги ругеб, халкъги гӀемер хьвадулеб бакӀ буго. Гьеб бакӀалда семечка бичулеб ххвелги гьабун, семечкадул къандалъоялъуб таманчаги бахчун, Къурбание гъоркьчӀалида гӀемерал къоял ран руго Билкъисица, кӀодол ригьалде яхарай гӀаданалъ, амма Къурбан дандчӀван гьечӀо гьелда. Билкъисихъе къисас босизе кодов щвелалде, Къурбан Аллагьасул къадаралдеги щун, къаникье ун вуго.

Жийго Билкъисги, херай 80 сон барай гӀадан, Муцалаулалда жиндирго рокъой танчицаги чӀван, рукъалъул рагьда цӀулал мачӀудалъ юкъун ятун йиго. Лъица чӀварайги лъалеб гьечӀо – кинабго лъалевги Аллагь вуго!

Гьединал, намус-яхӀ камилал, иман щулиял, ракӀал чармилал руччаби рукӀана гьакъосезул!

***ХӀажи Билалов***

# Къисматазул нухал

Цо нухалъ Гуржиязул Алазан гIурул рагIаллъабазде чабхъеналъ индал, Сивухъса Такул вас ХIажимурадица гьениса хъамун вачIун вуго кIиго сон барав гуржиязул вас. ХIажимурадил жиндирго вас вукIун гьечIо, гIицIго ясал гурони. Къисматалъул сайигъаталдаса вохарав ХIажимурадица, гьев жиндирго васлъун гьавула ва гьесда букIараб Александр цIар ГIалискандийилан хисула. Вас хехго ругьунлъула жиндирго цIияб сверухълъиялде, ХIажимурадида эменилан ва гьесул лъади Бариянида эбелиланги абула ва берцинав, ворхатав, къуватавлъун гIолев вукIуна.



*Г. Г. Гагарин. Мария Орбелиани нуцалалъул сурат. 1840 с.*

ХIажимурадил вацасейилан абуни, вацасул вас вачIинахъего рекIее гIоларо. Вацасул ирсилав гьечIолъиялда бан жиндие щвезе бегьулеб букIараб вацасул магIишаталъул кIудияб бутIаялдаса махIрумлъизе бокьун букIунаро гьесие. Гьедин цо нухалъ лъукъунгицин вукIуна гьес ГIалисканди.

Амма ХIажимурадица кинабго жиндирго буголъи васият гьабула хьихьизе вачарав васасе. ГIалискандица Сивухъ гIумру гьабун ичIго сон ун букIуна. Цо къоялъ росдал жамагIаталде аскIое ячIуна гуржияй ва жиндир 11 сон барав вас вугин Сивухъ гIумру гьабун, жий гьев нахъе вачине ячIун йигилан бицуна. ХIажимурадица инкар гьабула васдаса ватIалъизе. Амма росдал жамагIаталъ хIукму гьабула, диналде балагьичIого, вас эбелалъухъе тIадвуссинавизе – инкар гьаби кIудияб мунагь бугилан – эбел йиго эбел. ЖамагIаталъул хIукмуялда рекъон, гуржиялда цере кьерда чIезарула цого гIелалъул ва цого ретIел ретIарал кIикъогогIан гIолохъанчи, гьенив вукIуна ГIалискандиги. Гьезда гьоркьов гуржиялда вас лъани, нахъе вачине ихтияр букIуна. Щивасул гордеги борхун, гьелъ балагьула, нагагь чабхъадулаз рикъун ани, лъимал ралагьизе бигьалъизе гуржияз киналго лъималазда лъолеб букIараб, мугьру. Ватула гьелда жиндирго вас. ГIемерал сайгъатал кьун, лъикIаб бицун, гьелъ гьарулеб букIуна васасда жинда цадахъ вилълъайилан. Гьелъ бицунеб жо бичIчIуларев ГIалисканди, ХIажимурадиде ва Барияниде аскIовеги ун, гьал руго дир эбел-эменилан чIола. КигIан жамагIаталъ лъугьа-бахъаралъулги бицун, гьей дур эбел йигилан бичIчIизабуниги, гьев гьелда цадахъ унаро. Жинцаго бачIараб сайгъат-саламги гIодобе рехун, гIодилаго нахъе уна гуржияй.

Гьеб лъугьа-бахъин ккун чанго соналдасан ХIажимурадиеги Барияниеги гьарула ХIасан ва АхIмадхIаджи абурал васал. Гьезие мисаллъун ва квербакъилъун вукIуна ГIалисканди. АхIмадхIаджи вукIуна инсудаса 60-гIан соналъ гьитIинав.

Гьелдаго релълъараб лъугьа-бахъин ккола Сивухъ дагьабги цебе цоги гIолохъанчигун, амма гьев Гуржиялдаса гурев, Дербенталдаса вукIуна. Шамон гьавула мискинаб хъизамалда ва хадуб эбел-эмен гьечIого хутIула. Къисматалъ вачун, гьев ккола Сивухъе вехьлъун. Киналго сахъал гIадин, Аллагьасдаги божулев, иман-исламги лъалев, киналго шартIалги тIуралев вас вукIуна Шамон. Гьебго заманаялъ гьенив гIумру гьабун вукIуна Муса абулев Сивухъ жамагIаталъул цевехъан. Гьеб букIана киналго исламалъул нухде ахIулеб заман. Мусае рекIее гIола гIолохъанав вехьасул гIамал-хасият. Гьес гIемер гьев жиндирго рокъове ахIула, гара-чIвари гьабула, кинабго рахъалъ кумек гьабула.

Ахир-къадги Мусаца, жамагIатги бакIарун, киназдаго бицуна гIолохъанав вехьас шаргIалъул киналго шартIал тIуразарулел ругилан ва гьев жиндица васлъун лъазавулев вугилан. Мусаца Шамонида МухIамадилан цIарги хисула. Чанго соналдасан гьес васасе росулъа лъикIай ясги ячуна. ТIоцевесев вас гьавураб мехалъ, МухIамад инсуда аскIове вачIуна, васасда гьесул цIар лъезе изну гьарун. Изну кьола.

Гьедин Мусаца МухIамад Сивухъ жамагIаталде гъорлъе вачуна ва гьесие мустахIикъаб букIинесеб чIезабула. Гьев МухIамадил наслуялъул чагIаз гьанжеги гIумру гьабулеб буго Гумбет районалъул Сивухъ росулъ.

*Оздимир ГIисаев,*
*тарихчи, Сивухъ росу*



Сапижат Мазаева
вас НурмухIамадгун

# Эбелалъул ракI...

***ТIеренай, чIурканай, къуватаб гьорокьа хIинкъулареб мугIрул тIегь гIадай, СВОялда Россиялъул тIоцевесев БахIарчи НурмухIамад ХIажимухIамадовасул эбел – Владимир Путинил божарай чIужу, «Дагъистаналъул бахIарчияй эбел» абураб жамгIияб къадруялъул месед ил орденалъул кавалер, Дагъистаналъул мустахIикъай мугIалим – Сапижат Мазаевалъ, жиндирго рекIел хинлъиялъ ва гIадамазде бугеб рокьиялъ, асир гьарула.***

***ТIадегIанлъи...***

РакI кидаго гIодилеб букIаниги, борхун ккун бетIергун, гьелъ магIу лъидаго бихьизе толаро.

Кули районалъул Къани росулъ Сапижат Мазаевалъул хъизан рикIкIунаан бищунго къадру-къимат бугезул цояблъун: гьез гIумру гьабулеб букIана намусалъул къанунazда рекъон. Гьелго хасиятал рукIана Кавказалъул казаказул ротаялъул 247-абилеб гвардиялъул десанталъул штурмовиказул командир НурмухIамад ХIажимухIамадовасулъги, гьес тIаса бищана гIицIго бахIарчияв чиясда гурони тIубазе кIолареб иш – ВатIан цIуни.

***Умумузул къалбал...***

Сапижат ГIисаевнаялъул васасе тарбия кьеялъулъ цогидаздаса батIияб жо букIинчIо. Гьелъ жиндирго лъималазда гIицIго – кIудияв НурмухIамадида ва гьитIинав ГIабдуллагьида – чIахIиязда гIадин, гIакълу дандбалаан. Ккараб бакIалда хIукму къотIизе лъалеллъун куцалел рукIана эбелалъ гьел.

– НурмухIамад гIуна дир эбел-инсул рокъов. Гьесда бихьулеб букIана, киназго жидерго пикрабиги рицун, хъизан цо хIукмуялде кин бачIунеб букIарабали. Гьев хехго кIудияв гIуна ва хъизаналъе кумеклъун лъугьана.

Эбелалъ ракIалде щвезабуна НурмухIамадил жиндирго кIудада ГIисадехун букIараб кIудияб рокьиялъулги адаб-хIурматалъулги. КIудадацаги гIемераб жо малъана гьесда: жиндирго къадру цIунизе, бетIер борхун ккезе, ракIбацIцIадго гIумру гьабизе ва Аллагьасда божизе.

Сапижат йиго педагог. Инсул малъа-хъваялда рекъон, гьелъ цин лъугIизабуна механикияб техникум, хадуб ДГПУ ялъул байбихьул классазул факультет. Дарсал кьезе байбихьана лъабабилеб курсалдаго. Хъизан МахIачхъалаялде гочиндалги гьей жиндирго педагогикияб хIалтIуде жуяна.

– Дица дарсал кьуна шагьаралъул батIи-батIиял школазда: цин 29леб школалда, хадуб, 2015 соналдаса байбихьун, 58леб ва 26леб школазда, гьений дун хIалтIана байбихьул классазул мугIалимлъун. Гьел рукIана нижер хъизаналъе бигьаял гурел сонал: нижеца гIумру гьабулеб букIана квартираялда, хIатта «Денеб» компаниялда рацIцIа-ракъалъиялъул хIалтIухъанлъун хIалтIизе ккана. Жакъа дида лъикIал ракIабаздалъун ракIалде щвезарулел руго лъикIал малъа-хъваялгун, гурхIел-рахIмугун дие квербакъарал дир гьудулза-



би – мугIалимзабиги дир кIиабилеб хъизанлъун лъугьараб Денебалъул коллективги.

РакIалда буго, лъималги рачIунаан дие кумекалъе. Жавабчилъи бугев ва кумекалъе хIадурав НурмухIамад кидаго аскIов вукIунаан. Дун регIуларого йигони, гьитIинав ГIабдуллагь ясли-ахалде щвезавизеги унаан. Дица васазе гIемераб жоялъул бицунаан. Гьезул пикру батIияб бугони, тIадецуй гьабулароан. ГIицIго нужерго пикру бичIчIизабе ва гIаммаб бакI батизе рачIаян абулаан.

ВукIинесев СВОялъул Герой байбихьул классазда МахIачхъалаялъул 54леб школалда цIалана. ЦIали лъугIизабуна, хадуб гьесулго цIар кьураб 42леб школалда. Сапижат ГIисаевнаялъ гьениб байбихьул классазда дарсал кьолаан. Гьесул мугIалимзабаз гьев гьитIинго кIудияв чиясул гIадаб гIакълу бугев, цогидазги гIакълу цIехолев, гIемерав цIалдолев ва спорт бокьулев вас вукIанилан бицана. Россиялъул БахIарчи Юнус-бек Евкуровгун дандчIваялдаса хадуб, гьесул бахIарчилъиялъ, гъваридаб лъаялъ ва гIадамазде бугеб бербалагьиялъ асир гьавурав НурмухIамадица хIукму гьабуна профессионалияв рагъухъанлъун вахъине.

Гьесде кIудияб асар гьабуна цоги Россиялъул БахIарчи, полициялъул лейтенант МухIамад НурбахIандовасул бахIарчияб ишалъ. Гьесул «ХIалтIе, вацал» абураб калам лъугьана терроризмалде ва экстремизмалде данде къеркьеялъул гIаламатлъун.

***РекIел гьа...***

НурмухIамад десантниклъун вахъине хIадурулев вукIана, машгъуллъана гугариялде, боксалде ва каратэялде, гIемер цIалдолаан,

хъвалаан кучIдул… жиндирго мурадалъе гIоло къеркьелев вукIана. РачIинахъего киналго экзаменалги кьун, гьев лъугьана ВДВялъул Рязаналда бугеб тIадегIанаб десанталъул командованиялъул училищеялде. ТIоцебесеб курсалдаго гьес гьабуна взводалъе командирлъи, спорталъул мастерасул даражаги щвана. Училище лъугIун хадув гьев тIамуна Ставрополалда бугеб гвардиялъул десанталъул штурмовиказул казаказул полкалъул ротаялъул командирлъун. «РакIалда буго гьес присяга кьураб къо – гьеб букIана хасаб, дир васасда жив унго-унгояв ВатIанцIунулев вукIин бичIчIараб къо. Дир ракI НурмухIамадидаса чIухIун, тварххелеб букIана», – ян ракIалде щвезабуна эбелалъ.

Гьев кIиго нухалъ витIана Сириялде, гьениб хъулухъ тIубалеб мехалда гьесие щвана рагъулаб хIалбихьи, кьуна БахIарчилъиялъул орден. Украина букIана иргадулаб галилъун… Сапижат ГIисаевнада киданиги кIоченаро васасул кьогIаб хабар лъараб мехалъ рекIелъ щвараб хвалил гулла…

Офицерасул бахIарчилъиялъе бищун тIадегIанаб къимат – Россиялъул БахIарчи абураб цIар Россиялъул Главнокомандующияс гьаб рагъулаб операциялда тIоцевесеб кьуна гIолохъанав офицерас НурмухIамад ХIажимухIамадовасе хваралдаса хадуб. Гьедин лъазабуна Президент В. В. Путиница Россиялъул Совбезалъул данделъиялда: «Дун вуго гIурусав, амма Дагъистаналдаса тумав НурмухIамад ХIажимухIамадовасул гIадаб ва цогидал рагъухъабазул бахIарчилъиялъул мисалал бихьараб мехалъ, дие дун тумав вуго, дун чачанав вуго, дун ингуш вуго, гIурус, татар, осетин вугилан абизе бокьун буго. Киналго 300-ялдасаги цIикIкIун миллатал ва халкъал рехсезе рес гьечIо, нужеда вичIчIилилан хьул буго. Амма дун чIухIарав вуго Россиялъул гучаб, къуватаб, гIемермиллатазулаб халкъалъул бутIалъун вукIиналдаса».

У, заманаялъул рукIуна жиндирго бахIарзал… Сапижат ГIисаевналъ бицана жиндир васас кидаго рорцунаанила къисматалъул рукIине бегьулел хиса-басиял, амма анищ букIанила халатаб гIумру гьабизе. ЦIакъ вохун вукIана яс гьайиялдаса. Амма гьесда жиндирго яс Теймия сураталда гурони йихьичIо.

***ТIун араб роржен…***

– Гьедин ккана, яс гьаюн лъабго къоялдасан гьесул ротаялъ байбихьана СВОялъул мурадалъе гIоло гьужум. НурмухIамадил къокъа тушманасул гьездаса кIудияб къуваталъ сверун ккун батана. Гьесда лъалеб букIана кверде ине гьечIевлъи. Гьеб мехалъ ротаялъул командир НурмухIамад ХIажимухIамадовас цохIо хутIараб гранатаялъ живгоги тушбабиги цадахъ кьвагьана.

ЦохIо гьев вукIана доб рагъулаб операциялдаса вуссинчIев. Гьесул гьалмагъзаби гьедана командирасухъ рецIел босизе бугилан. Десантниказда лъала рагIи ккевезе.

ХIинкъи букIарабдай НурмухIамадил рекIелъилан бачIунеб буго суал?

– Гьесул батIияб нух букIинчIо, – ян абуна эбелалъ, – гьесда жиндирго улкаги рагъухъабиги гIодорегIан гьарун, кверде ине кIвечIо. Дица гьесда кидаго малъулаан, мун ракIбацIцIадав командирлъун ва дурго рагъухъабазе мисаллъун вукIине кколилан.

***МахIачхъалаялъул 54 абилеб гьоркьохъеб школалъул директор Сапижат ГIисаевналда лъидасаго лъикI бичIчIула гIун бачIунеб гIелалъе тарбия кьеялъул кьочIокь щиб букIине кколебали. Гьелъ гIахьаллъи гьабула жамгIияб хIалтIулъ, гIемерай дандчIвала рагъухъабигун, гьезул улбузулгун, СВОялда чIваразул лъудбигун – гьеб гIицIго гара-чIвари гуро – эбелалъул рекIел хIал буго, цадахъ бищунго гъваридаб пашманлъи хIехьезе бажарулин абураб хьул кьолеб.***

***ГIайшат ТIажудинова***



# Менделеев Кавказалда

Нилъер машгьурав химик Дмитрий Иванович Менделеев чанго нухалъ щун вуго Дагъистаналде. Гьебги 1863, 1880, 1886 соназда. ТІоцебесеб нухалъ гьев, 29 сон барав гІолохъанчияс Кавказалде сапар бухьун буго В. Кокоревасул гьариялда рекъон, гьесул Бакуялда ругел нартил буругъазул хал-шал гьабизе ва гьезие къимат кьезе. Жиндирго лъади Феозва Никитичнаги гьанжего гьанже гьаюрай яс Машаги ункъгІалалда аскІой тун, Дмитрий Иванович нухда вахъуна Нижний Новгородалде, гьенисан гамида рекІун Казаналде, Астраханалде ва хадуб Каспий ралъдадасан. Сапаралъул киналго мухІканлъаби нилъеда лъала гІалимчияс жиндирго лъадухъе хъварал кагътаздасан, гьес щибаб къойил гІадин хъвалел рукІана кагътал: «Метер ниж ралъдалъе рахъине руго, щвела Петровскалде ва Дербенталде, хадуб Бакуялде... Бицунеб буго Баку цІакъ ракІгъураб бакІ бугин ва гьениб цІакъ сахлъиялъе пайдаяб гьава-бакъ бугилан».

Хадусеб кагътида Бакуялъ жиндиего гьабураб асаралъул бицунеб буго гІалимчияс: «Гьаниб гІажаибаб тІабигІат буго. Сверухъ гІицІал ганчІал, горизонталда ралъдал рагІаллъи, рикІкІадаб бакътІерхьул рахъалдехун хъахІилаб кьер реххарал рорхатал мугІрул. Къокъго абуни, кьварараб берцинлъи буго сверухъ. Гьаниб гІалам буго гІумру гьабун, гьарзаго, ганчІазухъ ралагьичІого, бокьараб жо бижулеб бакІ букІиналъ. Ролъги ганчІаздагицин бижулеб буго, цІибил буго 15-20 капекалде бичулеб,

квасул ва гIатIласалъул камураб жо гьечIо. Гьал руго персал, татаралгун журарал. ЛъикIаб, гIодобе биччараб халкъ буго. ХIалтIулев чиясе гьаниб 4-5 гъурущги квенги буго моцIрое харж. Гьаб мухъалъул бечелъи буго ракьулъан бурулеб магIданияб нарт ва тIабигIияб газ... Машагун нилъеца гIумру гьабизе бегьулеб бакI буго. Татаразул букIаниги, берцинаб, гIодобе биччараб, ралъдал рагIалда бугеб шагьар буго Баку. Дица хIаракат бахъила сурат балагьизе. Дагьабги цIакъ хIаракат бахъила кинабго ишги тIубан, дир бищунго хириял духъеги Машахъеги хехго тIадвуссине. Дир рахъалъан къоче гьитIичалда».

Дмитрий Ивановичас щибаб къойил хъвалаан чIужуялъухъе кагътал, мунгоги ясги цIунейилан. Рокъоса кагътал щвезе гIемераб заман балеб букIиналъ, Маша хвеялъул хIакъалъулъ гьесда тIадвуссун вачIараб мехалъ гурони лъачIо.

Менделеевас жиндирго кагътазда мухIканго бицунеб букIана сапаралда бихьарабщинаб жоялъул. Масала: нартил буругъалда аскIоб бугеб, цIадуе сужда гьабулеб килисаялъул. Гьениб ракьул кьватIелаздасан тIабигIияб газги букIана къватIибе бачIунеб: «ГIемерал гIасрабаз цебе цIадуе сужда гьабулел индейцазул наслуялъул гIадамаз жидерго килиса бан буго гьаниб бугеб заводалда аскIоб. Гьеб килисаялда жанисан цIакъ берцинго бихьула сверухълъи. ХъахIаб ганчIил къадаца сверун къан буго азбар... Индейцазул какал байбихьула, кIвараб хIалалъ ччугIилгIинги пун, гьелда хадуб. Гьанже цо берцинав, хъахIаб чалмаги къарав, хъахIаб ретIелги ретIарав, чIегIераб мегежги бугев чи гурони хутIун гьечIо гьезул гьенив. Гьес къурбан хъолеб бакIалде лъим тIола, махI берцинаб ххер бухIула, накабаздаги чIун как ахIула, жергъада кIутIула, киналго халкъазе





дугIа гьабула ва гIисинал горокамитал рикьула.

ГIалимчияс Бакуялда къиматал малъа-хъваял гьаруна нарт баччиялъул ва гьеб бацIцIад гьабиялъул рахъалъ, гьелъ рес кьуна нартил промыслазул бетIергьанасе хайир чанго нухалъ цIикIкIинабизе.

Менделеевасда бичIчIана гьеб гIемерго кIудияб миллияб кIваралъул иш букIин ва бокь гIадаб бакIалда базарганас байбихьараб гьитIинабго иш Россиялъул нартил промышленносталъул тIирщ букIин. Жиндирго гIумруялъулъ гьес гIемераб кIвар кьуна гьеб ишалде, хъвана реформаби гьаризе ккеялъул хIакъалъулъ макъалаби, докладал.

КIиабилеб нухалъ Менделеевас Кавказалде сапар бухьана 17 соналдасан. Гьесие хIажатаб букIана нартил магIишаталъул цебетIей жиндирго бераздалъун бихьизе ва гьанжесел производствоялъул шартIазулгун лъай-хъвай гьабизе. Гьединго гьесие бокьун букIана Кавказалъул нартил магIданазул хал гьабизе, жиндирго нартил аслуялъул минералияб теория гьениб хIалтIизабизе бегьулищали хал гьабизе. Финансазул министерствоялъ Менделеевасул сапаралъе гIарац чIезабуна ва гьев А. Л. Потылицынгун цадахъ сапаралъ вахъана. Гьаб нухалъ гьес сапаралде вачана 15 сон барав вас Володяги. Гьес 1880 соналъул 11 июналда Темир-Хан-Шураса рокъобе хъвалеб буго:

«Хирияй баба ва Леля. Ниж лъикI руго. Бакуялда гIицIго 18 къоги бан, 9 июналда «Армянав» абураб гамида ниж ана Петровскалде. Гьава-бакъ лъикIаб букIана, 11 июналда, ай жакъа радал 3 тIубараб мехалъ, ниж сах-саламатго щвана Петровскалде. Гьенисан 7 ялда ниж рахъана Шураре. Гьенибе буго 43 верст. Петровскалдаса Темир-Хан-Шураре щвезегIан, нух байбихьуда уна кIкIалахъан, хадуб гIемерго борхатаб магIарде рахуна. Петровскалдаса рахъун кIиго сагIаталдасан ниж ратана мугIрузда гьоркьор. СагIаталдаса цIикIкIун заманалъ эхедераялдаса хадуб, ниж рещтIине лъугьана. Ниж ана Кафир-Гъумухъ росдада аскIосан, гьелъул рагIалда борхатаб кьурда буго цеве ханлъуда вукIарав Шамхаласул кIалгIа. Бащдаб сагIаталдасан ниж щвана Дагъистаналъул тахшагьар Темир-Хан-Шураре. Гьанир ниж гиназ Эристовасухъ чIана. Гьесул хъизан лъималги гьечIо, гьелда тIадеги нижее бокьун букIана метер гьесда цадахъ Чирюрталде ине, чIабатI бахъулеб бакIалде. Гьаниб, Шура, гьава-бакъ кьерхун буго, цIад балеб буго. Къо-мех лъикI!

*4-леб ротаялъул рагъулаб академиялъул выпускник, В. Менделеев».*

Нахъисеб къоялъго чIабатI бахъулеб бакIалдеги щун, эменги васги

Дагъистаналдаса тIадруссана: «Ниж сах-саламат унел руго Петровскалдаса Владикавказалде ва хадуб Кубаналде ва ЧIегIер ралъдахъе... ниж унел руго чIабатI бахъулеб бакIалде... Хъвай Пятигорскалде, нижецаго цIехезе. Нуж цIунун хутIаги. Къвал балеб буго. *Д. Менделеев*».



ТIадруссиндал гьезда гIемер ракIалде щолаан Кавказалде сапар, рачIунаан гьениса саламал: «Володя, дуе Бакуялдаса буго кIудияб рецц-бакъ. Дур фонтаналдаса, ккун чIезабун бажарулареб, нартил тIубараб хIор лъугьун ргIула...», – ян хъвалеб букIана инсуца васасухъе.

1886 соналъ Д. И. Менделеевас нахъеги бухьана Кавказалде сапар (гьениве гьев витIун вукIана пачалихъияб мал-мулкалъул министрлъун) жиндирго яс Ольгагун цадахъ, гьесда цадахъ вукIана хъизаналъул гьудул ва гIалимчиясул машгьураб кIиго сураталъул автор художник Н. А. Ярошенко. Ольгаца гьелъул хIакъалъулъ ракIалдещвеял нахъе тана: «I8 сон барай дун инсуца дун цадахъ Кавказалде ячана, гьениве жиндирго нартил ишаз унев вукIаго. Гьеб сапар букIана дие кIудияй яс хIисабалда кьезе бокьарал интересал асаразул цIураб... Нижеца кIиголъабго къо бана Ярошенкогун Кисловодскалда, радал гьоко бачIана ниж Минводалде рачине, гьенисан Владикавказалде ва рагъулабгун гуржиязул нухдасан Тулписалдегун Бакуялде».

Ольгада тIоцебе гьениб бихьана машгьураб лезгинка кьурди: «Циндаго бакъан чIана, гьаркьал рагIана: «Лезгинка!.. Лезгинка!» ТIолабго залалъ горсери гьабуна ва бакьулъе лъугьана миллияб ретIел ретIарав гIолохъанчи, цо чIурканай ясалда аскIовеги вачIун, гьелъие бетIерги къулун, кьурдизе яхъинаюна. Ясалда тIад бугоан тIеренаб тастар ва бакъаналда гъоркь кьурдизе лъугьана лезгинка. Дун кIвар кьун ялагьун йикIана гьезухъ: гьезул тIадагьлъиялъ, чIабаралдаго хъвачIого, гьаваялда кьурдулел ругин кьурдухъабийилан кколеб букIана».

Менделеевасул Кавказалде сапаразул хIасилалда хIадур гьаруна Россиялда нартил промышленносталъе хасал рекомендациял, къабул гьаруна практикиял тадбирал. ХIакъикъаталдаги нилъер улкаялда гьеб промышленносталъул цебесеб кьерда вукIана кIудияв химик: «Нартил иш букIине кколаро Нобелил, яги Рагозинил, яги Кокоревасул ишлъун, Россиялъул промышленносталъул ишлъун букIине ккола», – ян хъвана кIудияв гIалимчи ва патриот Менделеевас.

***Гульнара Асадулаева***


Тахмина
Умалатова

# Халкъалъе пайдаяйлъун йикIине бокьун буго!

***Культураялъул ва искусствоялъул церехъабазул хIалтIул кидаго кIудияб кIвар букIана жамгIияб гIумруялъе, дунялалда лъугьа-бахъунелда гъорлъ гьезул гIахьаллъиялъ лъугьинабула жамгIияб пикру, щулалъизарула жамагIатазул гъоркьорлъаби.***

Жакъасей нилъер героиня Тахмина ХIажаковна Умалатова йиго машгьурай кочIохъан, теле ва радиоведущая, жамгIияй цеехъан, «Успешние люди» сообществоялъе ва «Успешние леди» руччабазул гIуцIиялъе кьучI лъурай, гьезул нухмалъулей. Гьей йиго лъадул ва эбелалъул борчги профессионалияб хIалтIиги цадахъ тIадегIанаб даражаялда чIужугIаданалъухъа борхун бажариялъе унго-унгояб мисал. Тахминаца бихьизабулеб буго чIужугIаданалъухъа бажарулареб жо щибго букIунареблъи.

Дида Тахмина лъалелдаса 20 сон буго – гьел саназда жаниб гьелъ батIи-батIиял СМИязе кьуна интервью, гIемерисеб нухалъ гьениб хабар букIунаан творчествоялда тIасан. Гьаб нухалъ гьелъ бицана жиндирго гIумруялъул, жамгIияб хIалтIул, узухъда, творчествоялъулги, битIун абуни – гьелъул цоги цIияб гIаркьелалъул. Гьей лъугьана интерненталъул цIвалъун. Тахминал треказул ремиксал жамгIиял гьундузда цоцахъе рахъизе лъугьана, кочIохъан машгьурал телепередачабазде ахIана. Мисалалъе, Андрей Малаховасул «Привет, Андрей», ЦIияб соналъул передачаялда гIахьаллъи гьабуна.

Тахмина гьаюна ва гIуна Избербашалда, инсул рахъалдасан кьалбал руго Ахъсаялдаса, эбелалъул рахъалдасан – Жунгуталдаса.

– Дир эмен, ХIажак Иманшапиевич Умалатов РСУялъул прораб вукIана, эбел – Зайнаб Мусаевана педучилищеялда хIалтIулаан.

***– ГьитIингойищ букIараб анищ эстрадаялъул ва экраналъул цIвалъун яхъине?***

– БукIинчIо. Дие бокьун букIана врачлъун яхъине. Амма цIализе, яцги цIалулеб эбелги хIалтIулеб педучилищеялде лъугьана ва музыкаялда тIадчIана. Лъабабилеб курсалдаго росасеги ана.

***– Киб дуда гьеб талихI дандчIвараб?***

– ГIажаибаб дандчIвай букIана дирги талихIалъулги. Цо гIагарлъиялъул берталъ ниж рихьизаруна, амма цоцазе рекIее гIечIо. Абуларищха рокьукълъиялдаса рокьудеги цо гали бугилан. Армиялдаса вуссингун, Юсупие инсуца анкь кьун буго рекIее гIолей яс ялагьизе, гурони жидеего данде кколей ячинилан. УнкъгIалалъ гьесулгун лъай-хъвай гьабизе ячунеб мехалъ, къурбаналъе хъвезе бачунеб чахъу гIадин йикIана дун. Юсупги гьудулзабиги гIодор чIараб столалда цее, расги бокьуларого, гIодой йикIинаюна ццидалай дун. Гьесиеги рекIее гIун гьечIо ретIа-къай гIажаибай цо яс йихьизе цее кIусизайи. Гьес хадуб бицана, доб ботIрода букIараб хьагалъулги, капустаялда букIунеб хIапародал гIадаб гордеялъулги (доб мехалъ модаялда букIа-



раб «травка» материалалъул горде). Гьесие дун, дие гьевго гIадин, рекIее гIун гьечIо, – йилан елъана Тахмина. – Кинха рекIееги гIелей, гьанже пикру гьабураб мехалъ бичIчIана – дун йикIарай къачIан!

БетIер унтилеб бугилан, дун гьеб берталъа рокъое тIурана. ГIадатияб ретIелги ретIун рокъой йикIаго, дойго ункъгIал кIалъан ячIана, кIиго торт «Каприз» бахIарасул бертин бугеб добцояб залалде босун ячIайилан. БеркIалги чурун, гъалги хьухьун, риидалил тIеренаб халатги ретIун, чIванкIерабиги тIад чIван, дун йилълъана тортал щвезаризе. Гьебго заманаялъ гьудулзабигун Юсупги вукIун вуго вачIинев бахIарасул берталъе гьебго Буйнахъскалъул «Дружба» микрорайоналдасан. «Дом бытаялдаса» «Ревью» залалде цо нух букIана. Гьанжеги дандчIвана ниж. Юсупида йихьун йиго дун, амма лъан гьечIо. ТIубан батIияй ясилан ккун йиго. Дидаги бихьичIо гьев аскIове щолев вукIин. Доб мехалъ нижеда малъулаан къотIносан рачIунаго гIодореги къулун рилълъине кколилан.

АскIове щвейгун гьес гIажаиблъи гьабула дой ясалъулъ лъугьун ругел хиса-басиязда, цIияб бералдалъун валагьула дихъ ва инсуда жинда ятанила жиндиего бахIарайилан абула. Цодагьаб заманалдасан гьезул хъизан бачIана васасе дун абизе. Дир инсуени дун Ахъсаялде кьезе бокьун букIана, амма эбел бергьана! Запиров Юсие росасе араб мехалъ дир букIана 17 сон!

ЛъагIалидасан нижее гьавуна вас ГIалим, гьев гьанже Москваялъул полициялда хIалтIилев вуго. Училищеги дица багIараб дипломгун лъугIизабуна. Хадуй цIалана ДГПИялда, дарсал кьуна музыкалияб клубалда. 2013 соналъ дица тарихиял гIелмабазул кондидаталъул диссертация цIунана, лъагIалидасан дирго бизнесги рагьана. Дие бокьула цIалдезе. Дун гIумруялъ цIалделей йиго. Хадуб

дица лъугIизабуна Юридикияб академия, Москваялда Шаболовкаялда телеведущиязул Школа. Ораторлъиялъул махщалие ругьун гьарула дица чIахIиялги гIисиналги. ГIемераб заманаялъ хIалтIана радиоялда ва телевидениялда ведущаялъун ва гьеб хIалбихьи цогидазухъе кьезеги буго махщел.

***– Дида бичIчIанихъе, дур вуго цIакъ мун йичIчIулев рос ва лъикIал лъимал.***

– Дир бетIергьанчи Юсуп гIемерал саназ таможнялда хIалтIана, гьанже Росгвардиялда вуго. Ниж берцинаб гIумруялда руго 30 соналъ. Санал унилан нижер цоцазде бугеб берцинаб асаралъе, щулалъун гурони, лъугьараб жо гьечIо. Хасго лъимал гьаридал – гьел нижер лъабго руго. Гьес кидаго дир рахъ ккола ва кумек гьабула. Нижер йиго Ариватилан некIсияб берцинаб цIаралъул яс, гьейги нижеца кIиго соналъ цее росасе кьуна. Бищун гьитIинав Кантемир цIалулев вуго анцIабилеб классалда, гьесие бищун бигьаяб заман щвана гIумру гьабизе. ГIалимидаги Ариватидаги чанги жо бихьана – 90 соназул бихха-хочиги политикиял хIапу-чапуралги.

***– Машгьураб видеороликалъ дур гIумруялъулъ хиса-басиял гьарунищ?***

– РакIалдаго гьечIого дида тIаде бортун бачIана дунялалдаго машгьурлъи. АнцIго соналъ цебего хъван букIараб дир «Твоя любовь манила» кочIол ремикс бачIуна дихъе дунялалъул рахъ-рахъалдасан рехун.

Гьеб машгьурлъиялдаса хадуб гьелъухъе гастролазул туразде ине, лейблазда гIахьаллъи гьабизе предложениял рачIуна. Цее гьей бакIалъул кочIохъанлъун йикIун ятани, гьанже Тахмина Умалатова лъала дунялалдаго.

– Дун гъираялда гIахьаллъула Малаховасул передачабазда, республикаялъул гала-концертазда, амма диего аслияблъун рикIкIуна жамгIияб хIалтIи. Дие гIадамазе пайдаяйлъун йикIине бокьула, хасго гьаб парахалъи гьечIеб заманаялъ.

Нижер хIалтIул аслияб направление буго гурхIел-рахIму. «Успешные люди» сообществоялъ ва «Успешные леди» руччабазул гIуццIиялъ СВОялъул зонаялда ругел рагъухъабазе кумек гьабула. Спецоперация байбихьаралдаса нахъе, гьезул тIалабалда рекъон, нижеца зама-заманалдасан гьенибе битIизе гуманитарияб кумек бакIарула. Цебе битIулаан ретIел, квен-тIех, плов гьабизе хъазанал, гьанже рагъулаб техника, электроника, рациял, квадрокоптерал, оргтехника.

Ниж щола госпиталазде, инвалидазухъе, лъималазул интернатазде, рикьула сайгъатал, кьола концертал, рукIуна гьелгун хабар-кIалалда. Нижер сообществоялда гъорлъ 800-ялдасаги чи вуго. Гьел цере тIурал руго бизнесалда гурелги, творчествоялдаги, руго педагогал, врачал, цогидалги специалистал.

***– Сообщество гIуцIцIилилан кин ракIалде ккараб?***

– Кидаго дир рекIел цIай букIана гьеб тайпаялъул хIалтIуде; сценаялде яхаралдаса нахъе гIахьаллъулаан дун гурхIел-рахIмуялъул тадбиразда гъорлъ. Цин дица социалиял гьундузда гIуцIана къокъа ва гьелъ байбихьана жиндирго виртуалияб гIумру, хадуб гьеб дагь-дагьккун хIакъикъияб гIумруялде сверун бачIана. Ниж гьоркьоса къотIичIого дандчIвала, тIоритIула мастер-классал, презентациял, рагьула медцентрал, тукаби, кафе-ресторанал, берцинлъиялъул салонал. Бертаби, юбилеял, хIежалде ин, пашманал лъугьа-бахъинал – кидаго ниж аскIор рукIуна.

Ниж чIухIарал руго нилъер республикаялда культура, гIелму, спорт ва гIумруялъул цогидалги рахъал церетIезариялъулъ кIудияб бутIа лъолел, гьунар бугел, ракIбацIцIадал гIадамал рукIиналдаса.

***«МагIарулай» журнал цIалулезе ва киналго руччабазе гьарула талихI!***

***Виолетта Ратенкова***



СагIидат Гъамбулатова

# Кидаго горочаз сверун ккун

***Лъималазул ясли-ахалъун нухмалъулейлъунги щуго чIезе кIоларел горочазул кIодоэбеллъунги йикIин – бигьаяб масъала гуро, амма СагIидат Гъамбулатовалъухъа бажарула. ГьитIинаб къоялдаса нахъего лъалеб букIун буго гьелда лъимал хьихьи гьелъул рекIел ахIи букIин. Инсуе бокьун букIун буго СагIидат врачлъун яхъине, амма гьей цIализе лъугьуна Дагъистаналъул начализхъияб педагоггикияб институталде байбихьул классазул факультетатлде. 10 соналъ школалдаги хIалтIун, гьей тIамула МахIачхъалаялъул 91 ясли-ахалъул нухмалъулейлъун.***

– Ясли-ахалде хIалтIизе ячIараб тIоцебесеб къо дида кидаго кIочон толаро – гьеб къоялъ садик капиталияб ремонталъе къана, – йилан бицана СагIидат Валихановналъ. – Гьеб цIакъ квешаб хIалалда букIана, цIакъго цебесеб мина букIиналъ. Лъабго моцIида жаниб басрияб корпусалда ремонт лъугIана. Дир гьариялда рекъон, тIаде бана административияб корпусги. Гьелде щвезегIан квен гьабулеб бакIги медперсоналги батIаго чIарал басриял рукъзабахъ рукIана. Дирги кабинетцин букIинчIо, кванил нигIматазул нахърателалда аскIоб цо гьитIинабго рукъ букIана. Узухъда гьеб хисизабичIого рес букIинчIо. Лъабго моцIалда жаниб нижехъа бажарана цIияб корпус базе ва тIадеги лъабго цIияб группаги рагьизе.

***– Лъабго предложениялдалъун ясли-ахалъул бицейилан абуни, щиб дуца бициинеб букIараб?***

– Нижер гьаниб буго рокъоб букIунеб гIадаб ахIвал-хIал. Эбел-инсуца лъимал кIудиял ахаздасаги рачIуна нижехъе рачун, гьаниб гьезие ругьунлъизе бигьаяб букIуна.

***– КIиго предложениецин гIуна). Мунго хьвадулей йикIараб лъималазул ах ракIалда бугищ?***

– Дун хьвадулароан. Нижер рукIана анкьго ясги цо васги ва нижеца цоцазул тIалаб гьабулаан, гьение ине хIажалъи букIинчIо.

***– ТIадфуссинин нилъерго 91 абилеб ахикье. РакIалдаго гьечIел лъугьа-бахъиналги ккун ратиларищха гьениб хIалтIулебгIан заманаялъ.***

– ЦIакъго къанагIатго рукIунаан гьединал лъугьа-бахъиналги.

***– Бицеха, цIалдолезеги интерес букIинилан ккола гьелъул.***

– Цо нухалъ гьурмал кьер тIурай тарбиячIужу ячIана дир кабинеталде жание екерун. Дир ракIги ана цо кибеялиго бортун, «Лъимер чIаго бугищ», – илан цIехана дица. Машинагун васандилев вукIарав цо васасул бетIер кьабун бугоан кроваталда ва цо гьитIинаб бакI къотIун буган. Биги чIезабун, тIад жоги къан, кIалъана эбелалъухъе. Гьейги гьор-



кье кIанцIизе яхъана. «Мун гьедин лъугьинегIанасеб ккараб жоги гьечIо. ЯчIа бихьизе», – йилан абуна. ЯчIана, вохуца холаго лъималгун васандилев вас вихьидал, гьелъиеги бигьалъана. БукIанги больницаялдеги вачана. РогьинегIан макьу щвечIо дида, цосина гьенив батIаго лъугьанадай гьевилан. Амма цо-кIиго къоялдасан щибго лъугьинчIеб гIадин ахикье хьвадана вас. ЦIакъ лъикI букIинчIо дие, гьанжегицин ракIалде щвейгун гъаргъар бала. Дица цIакъ хIаракат бахъула гьединаб жо гьаниб ккечIого букIине, букIаниги гIиси-бикъинал жалаздаса лъимал цIунун бажарулаго. Дица гьеб дагьлъизабиялде цIакъ кIвар кьола ва камерабаздасан щибаб группабазда лъугьунеб-бахъунелда хадуб халккола, тарбиячагIазда лъималазда тIаса бер босугейилан лъазабула.

*– Дурго лъималазул лъималазулгийищ дур гьединабго тIалаб-агъаз букIунеб?*

– Дун йиго гьатIан къоялъул кIодоэбел. Дир руго тIурарал, жидерго хъизаналги ругел лъимал. Щуялго гьезул лъимал дихъе гьатIан къоялъ рачIуна. Гьел рачIиналде, гьезул заман букIине кколедухъ гIуцIцIизе къваригIунеб щинаб босун, кинабго хIадурун букIуна дица. Бищун кIудиясе анкьго сон буго, гьитIинасе лъагIелгун бащдаб. Щуялго цадахъ ругеб мехалъ бигьаго букIунаро, амма дица гьел гьитIинго цоцазде ругьунлъизе, цадахъ рукIине, ургъунго цадахъ ахIула. Гьезда лъазе ккола вацгIалъяцгIалзаби ва жал киналго цо хъизан букIин.

*– КIудадал букIунищ кумек?*

– Гьевги цIакъав вуго тарбия кьезе, амма битIун бицани, бихьиназул руччабазул гIадаб сабру букIунаро лъималазде руссун рукIине.

*– Дур бетIергьанчи вуго Россиялъул мустахIикъав художник, М. Джемалил цIаралда бугеб художествияб училищеялъул директор Мухтар*

***Гъамбулатов. Лъай-хъвайгIаги кин ккараб?***

– Ниж руго Хайдакъ районалъул батIи-батIиял росулъа – дун Маллакенталдаса, дов АхIмадкенталдаса. Дир эмен гьезул росулъ 11 соналъ совхозалъул директорлъун хIалтIана. Мухтарие чIужу ячине мех щведал гьесда абун буго, Валиханил гIемерал ясал ругин, цо дуегоги тIаса йищейилан. Дидаса кIудиял кIигоял росасе ун рукIаралъул, диде щун буго ирга. Гьеб заманалде ниж МахIачхъалаялде рахъун рукIана, Мухтар Москваялда цIалулев вукIана. Гьесул гIагарай дир классцояй кIалъан ячIана, жинда мун нолъ макьилъ йихьанила, дандчIвазе кколилан. Цодагьаб мехалъ хабар-кIалалдаги рукIун ниж ратIалъана. Хадусеб къоялъги йиго кIалъалей, жакъаги рилълъайила киреялиго. Дун щаклъана, ва цадахъ гьитIинай яцги ячун, йилълъана. Гьединги, цебесеб къоялъ Мухтар рикIкIадасан дихъ валагьун вукIун вуго, хадуселъ кIалъа-бацазе, жиндирго ракI рагьизе аскIове вачIана. Дие гьев гьедигIан рекIее гIечIо. Цодагьаб заманалдасан хIалтIудасан эмен кIалъан вуго эбелалъухъе нилъехъе гьоболлъухъ художник ХIажи вачIинев вугилан – гьевги машгьурав художник. Дица гьитIинал яцазда абуна, дун абизе чагIи рачIинел ругилан кколилан. Гьел дида релъана. – Унха, нилъехъе рачIунел щинал чагIи мун абизе рачIине рукIинарищха, – йилан. Вугизеги, гьев ватана Мухтарил эмен: лъималги дандчIванила, дандеги кканилан, васасе дун абизе вачIарав. Дир инсул берал цIакъго чIахIалъана гьел рагIабаздаса хадуб, кин дандчIварал, жинда щай щибго лъаларебилан. Биценахa дицаги кин букIарабали. БитIараб бицани, абизеги ячинеги бокьарал доб мехалъ сверун гIемерал рукIана. Амма дида бихьана инсуеги Мухтар рекIее гIун вукIин, лъикIаб интеллигентияб хъизаналдаса вукIиналъ. Дие эмен цIакъ вокьулаан. «Дуе бокьухъе гьабила, дада», – йилан абуна дица. «Дур эбел ячине хIукму – гьеб букIана дир. Дур къисмат – дуца къотIизе ккола хIукму», – йилан абуна инсуца. Дица Мухтар тIаса вищана инсуе рекIее гIолев вукIиналда бан, амма гьесие ине заман щведал – инарилан чIана. Гьеле гьеб мехалъ абуна инсуца: «Дица дуе кьун букIана ихтияр дуцаго тIаса вищизе. Амма гьанже дун суризавизе ихтияр кьоларо», – йилан. – Гьединлъидалин дун бертин лъугIизегIан бахIарасдехун кьурун юссун йикIарай, – илан елъана гьей. – ГIемераб заман бана дун гьесде ругьунлъизе. Амма рос ватана бичIчIи бугев, цIодорав чи – гьес дие заман кьуна. Гьале цадахъ нижеца бана 33 сон ва цо къоялъниги дир ракI бухIичIо гьесие иналдаса.

***– Цадахъаб хIухьбахъи кинаб нужер букIунеб...***

– Гьеб гьикъичIониги лъазе ккелаан... (елъулаго). Узухъда гьеб хIухьбахъи нижер букIуна лъималазул лъималгун.

– Дидани ккун букIана нуж выставкабаздегун театразде хьвадулел ратилилан.

– Гьенирeги хьвадула. Амма горочал тIоцебесеб бакIалда.

***Гара-чIвари гьабуна***
***Руслан Бакъидовас***



# «Пулька»

ГьитIинаб мехалъ дун гIемер унаан МахIачхъалаялде гIагарлъиялъухъе щвезе. Гьезул мадугьалзабазул букIана Пулька (Гулла) абураб лъабго хIатIил гьой. Гьелъул букIана цIакъ гIажаибаб бекери: цо-кIиго кIанцIиги гьабун, гIодоб ккезе бахъунаан, жиндаго тIад свериги бахъун, нахъеги бекерулаан. Дица гьелъул хважаиналда гьикъана щиб гьелъие ккарабилан, гьелъ дие пашманаб рагъул хабар бицана.

Цебе щиб цIар гьелда букIарабали лъиданиги ракIалда гьечIо. Пулькайилан цIар гьелда хадуб нижеца лъуна. Доб мехалда лендлизалда рекъон МахIачхъалаялде бачIунеб букIана американалъул ярагъ. Каспий ралъдадасан кин гьеб бачIунеб букIарабалиги лъаларо. Американалъул гьанал консервабазул цIурал гумиги рукIана. Кокосалъул цIурабги букIана гама. Ралъдал рагIалде гIодобеги чIехьон, гьениб махIги бахъун, турулеб букIана гьеб кокос. Ахир-къадги бульдозералъ ралъдалъе гIурана. Доб мехалъ лъиданиги лъалеб букIинчIо гьеб щибали ва щиб гьелда гьабизе кколебали. Американаздаги лъалеб букIун батуларо, щиб нилъеца кваналеб ва щиб битIизе кколебали.

Гьа, доб Пулькаялъул бицани... Доб мехалъ гьеб жеги ункъо хIатIилаб букIуна. Цо къоялъ гьелъ рокъобе бачIуна чIинтIараб тушенкаялъул банка ва хважаиналъ гьеб гьелъиего кьола. ЦIодораб гьоялда бичIчIула гьел консерваз жибги хважаинги ракъуца хвезе тезе гьечIолъи. Гьелъ байбихьула порталдаса консерваби рикъизе. Хважаиналъ гьел жинцагоги куна гьоялъеги кьола. Хадуб гьелъ консервал чед-хинкIалъухъ, ретIелхьиталъухъ хисула ва гIумру гьабизе цодагьаб бигьалъула.

Амма цо къоялъ складалда вугев хъаравуласул гьоялда берчIвала ва гьесул щаклъи ккола. Пулька жиндирго иргадулаб давлаялда хадубги бачIун, маххул нух къотIун, тушёнкаялъул банкаги босун бекерулеб бихьараб мехалъ, гьес туманкI речIчIула.

Гулла щола Пулькал квачIалда. Хъаравуласда ракIалде ккола гьеб чIванилан, амма гьой, рекIеде бачIарабго, хъурща-кIутIун рокъобе бачIуна. КIалдиб ккун тушенкаялъул банкаги букIуна гьелъул. Гулла щвараб бакIги нахъе къотIун, тIад чIортоги бухьун, къачIала хважаи-



налъ гьелъул квачI ва гьедин лъабго хIатIида гIумру гьабулеб букIуна.

Амма гьелъулъ цо хиса-баси лъугьуна: рагъул форма ретIараздехун рокьукълъи бижула гьоялъул ва гьеб бихьизабула хасаб къагIидаялъ. Гьеб я хIапдолароан, я гъулгъудулароан, кавуялда аскIосан рагъулав унев вугони, гьоялъ гьесул хIетIе хIанчIулаан, гьесда рорхатал ботинкаби ругони, эхедеги кIанцIун мачIчIу кколаан. Ва бекерун, кавуялда гъоркьанги хъурщун, жиндирго рукIниб бахчулаан.

Гьелдаса хадуб бахъунаан ахIи-хIур. Ццин бахъарав бох хIанчIарас каву бухулаан, хважаин къватIие яккулаан ва гIажаиблъи гьабун гьикъулаан:

– Кинаб гьой?

– Нухлулазда хIанчIулеб! Гьале гьабсагIат дидаги хIанчIана!

– Жаниве лъугьа, балагье – дир гьой гьезего гьечIо!

Азбаралъуре лъугьунаан, балагьулаан. Унгоги, я хIапи гуро, я гьой гуро.

– Валлагь, гьедин батани, рокъове жаниве вачIа, киб дуда гьой бихьулеб?

ХIакъикъаталдаги кибго батулароан гьой. Хважаиналда тIаса лъугьаянги гьарун, нахъе унаан. Пулькайилан абуни, болъоялда гъоркь жинцаго гьабураб рукIниб бахчун чIолаан, жиндирго бахIарчилъиялъул хIур тIупизегIан. Хадуб къватIибеги бахъун, хадусев рагъуласе чанкъан чIолаан. Гьедин къисас босана гьелъ жиндирго камураб лагаялъухъ. Рагъ некIого лъугIана, гьелъ жеги рецIел босулеб букIана рагъулаб форма ретIараздаса...

***Лев Дуров***


Зульфия
МухIамадова

# Гьеб цо дир бергьенлъи гуро

***Избербаш шагьаралъул лъайкьеялъул управлениялъ 25 сон бан буго. Юбилеядлда бан кьолеб буго гьеб идараялъул нухмалъулей Зульфия Идрисовна МухIамадовалъулгун гара-чIвари.***

***Дур хIалтIул нух байбихьана школалдаса. Филолог-мугIалим хIисабалда дур хIалбихьиялъ кинаб кумек гьабулеб бугеб жакъа шагьаралъул лъайкьеялъул системаялъе нухмалъи гьабиялъулъ?***

– Къогоялдаса цIикIкIун соналъ школалда мугIалимлъун хIалтIиялъул хIалбихьи 2021 соналдаса нахъе Избербашалъул лъайкьеялъул системаялъе нухмалъи гьабиялъе кIудияб хазина буго.

***– Гьанжесеб шагьаралда лъайкьеялъул идараялъул нухмалъулесул аслияб борч кинаб бугеб?***

– Шагьаралъул лъайкьеялъул система сундулго квал-квал гьечIого хIалтIизе ва цебетIезе гьабизе. Дида дунго гьеб кинабго нахъа бараб локомотив йигилан кколеб букIуна.

***– МугIалимлъиялдаса муниципалияб хъулухъалъул нухмалъиялде лъугьунаго бищун захIматал масъалаби кинал рукIарал?***

– Дир мугIалимлъиялъул хIалтIулъ масъалаби лъолел ва тIуразарулел рукIана учительзабазул, цIалдохъабазул ва умумузул цо коллективалда. Лъайкьеялъул идараялде ячIиндал, гьел масъалабазул свери гIатIилъана. ЦIакъ захIмат букIанилан абиларо. ЗахIматго букIуна, амма гьабизе бажаруларeб хIалтIи гуро.

Дун чанго соналъ ДагъистанРеспубликаялъул лъайкьеялъул Министерствоялдаги хIалтIана. Гьеб началихъияб хъулухъалъул хIалбихьиялъ кIудияб кумек гьабуна дие дирго махщел камиллъиялъе ва дица кIудияб баркала кьола министерствоялъул хIалтIухъабазе. Дида гIемераб жо лъана, гIадамалгун хIалтIизе хIалбихьи щвана.

Дие бищунго захIматаблъун букIана хехал, гIемерисеб мехалда халкъалъе рокьуларел хIукмаби къабул гьаризе ккеялъул хIажалъи. Лъайкьеялъул идараялда жаниб хIалтIухъаби гIунгутIиги букIана хIалуцараб суаллъун: дида тIадкъан букIана пикруцоязул команда гIуцIизе. Гьезда малъизе ккола-ан, сордокъоялъ кканиги, жакъасеб хIакъикъатги хIисабалде босун, хIалтIизе, масъалаби тIуразе, гьел тIуразе сурсатал ралагьизе, мурадалде щвезелъун къеркьезе.

***– Дуе щвана гIемерал къадруял шапакъатал. Гьезул кинаб дуе бищунго къиматаблъун бугеб ва щай?***

– Бищунго къиматаблъун ккола дир тIоцебесеб шапакъат: 2009 соналда дун бергьана миллияб приоритетияб «Лъайкьей» проекталда рекъон Россиялъул гIаммаб лъайкьеялъул гIуцIабазда бищунго лъикIал мугIалимзабазе 100 азарго гъурущ кьолеб конкурсалда. Гьеб бергьенлъи цохIо дир гуребги, Избербашалъул №3 школалъул коллективалъулги, дир цIалдохъабазулги, гьезул умумузулги буго. Дун налъулай йиго гьеб коллективалъе учитель ва нухмалъулей хIисабалда цебетIеялъухъ.

***– Кинаб лъабго аслияб мурад дуца лъайкьеялъул идараялда цебе лъураб хадусеб 3-5 соналъе?***

– Шагьаралъул лъайкьеялъул ва тарбия кьеялъул идарабазда цIалул даража борхизаби, лъималазе ва мугIалимзабазе федералияб ва регионалияб проектазда, конкурсазда гIахьаллъизе ахIвал-хIал гIуцIи.

***– Ахирал соназда Избербашалъул лъай кьеялъул системаялда щварал,***



***нуж бищунго чIухIарал бергьенлъаби кинал ругел?***

– Нилъер бищунго кIудияб бергьенлъи ккола заманалда рекъон цере унел рукIин. 2021 соналда муниципалитетазда гьоркьоб нижер шагьар республикаялда ахирисеб бакIалда букIана, гьанже ниж цере унел руго,

Дица рикIкIуна Избербаш шагьаралъул нухмалъулев Расул ГIабдулмуслимович Бакаевасул кадровияб политикаялъул хIасил бугин гьебилан. Гьес тIоцебесеб бакIалда лъола профессионализм, творчество ва хIасилазде рачине бугеб бажари.

***– Кин Избербашалда миллияб «Лъайкьей» проект гIумруялде бахъинабулеб бугеб? Кинал хасал объектал яги программаби рагьун ругел?***

– «Лъайкьей» ва «Демография» абурал миллиял проектазда рекъон шагьаралда 2023-2024 соназда рагьана лъабго цIияб ясли-ах: «Горячка» микрорайоналда 100 бакI бугеб 5-абилеб ясли-ах, «Рыбный» микрорайоналда 250 бакI бугеб 7-абилеб ясли-ах ва «Приморский» микрорайоналда 250 бакI бугеб 9-абилеб ясли-ах. Гьел ясли-ахал рагьиялъ шагьаралъул цогидал ясли-ахазда букIараб хIалуцин дагьлъизабуна.

Гьединго 2023 соналдаса нахъе нижеца гIахьаллъи гьабулеб буго гIаммаб лъайкьеялъул школазе капиталияб ремонт гьабиялъул федералияб программабазда. 2023 соналда жаниб 3-абилеб ва 11-абилеб гьоркьохъел школазда 144 миллионалдаса цIикIкIун гъурщиде капиталияб ремонт гьабуна.

***– Щиб хIалтIи гьабулеб бугеб школазда гIолохъанал мугIалимзаби хIалтIизе рачIиналъе? Кинаб квербакъи бугеб гьезие?***

– Нижеца чанго школалда рагьун руго психологиялъул ва педагогикаялъул классал. 2025 соналъ гьел классал лъугIарав анлъго цIалдохъан педагогикиял вузазде цIализе лъугьана – хьул буго гьел нижер школазде хIалтIизе рачIинилан. Цо-цо школазда гьедин цIалун рачIарал хIалтIилелги руго. Нижер школазда хIалбихьи бугел учительзабаз кумек гьабула гIолохъаназе, коллективалда гIуцIула лъикIаб ахIвал-хIал. ГIолохъанал учительзабаз хIалбихьула конкурсазда гIахьаллъизе, хIадурула школалъул тадбирал. Дагъистаналъул лъайкьей цебетIезабиялъул институталда гьез гьоркьоса къотIичIого камил гьабула жидерго махщел.

***– Кин, дур пикруялда, жакъа школазда тарбия кьеялъул система гIуцIун букIине кколеб?***

– Дир пикруялда, бищунго аслияб – кинав чи нилъеца школа лъугIун

къватIиве виччалев вугев, кинал моралиял кьалбал гьесул ругел, гьел балугълъиялде хIадурав вугищ. Узухъда, жавабчилъи бугев, цеветIурав, ракIбацIцIадав гражданин гIезавизе ккани, школаги эбел-эменги цадахъ хIалтIизе ккола.

***– Пагьму-гьунар бугел лъималазулгун хIалтIи кин гIуцIун бугеб шагьаралда? Мисалал рачине бегьулищ Избербашалъул школлъималаз олимпиадабазда ва къецазда росарал кIудиял бергьенлъабазул?***

– Нижер киналго цIалул идарабазда руго пагьму-гьунар бугел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул программаби, гьезие квербакъи гьабула гьезул гьунар цебетIезабиялъул махщел бугел мугIалимзабаз. Разилъизе ккараб жо ккола бергьенлъаби рукIин, гьезул къадар щибаб соналъ цIикIкIунеб букIин ва гьел кIвар бугеллъун лъугьунел рукIин. Араб цIалул сон тIокIлъигун лъугIизабуна 49 цIалдохъанас, гьезие щвана мустахIикъаб къиматалъул аттестатги, тIоцебесеб ва кIиабилеб даражаялъул «За исключительные успехи в учебе» абураб медальги. ТIолгороссиялъул школазул олимпиадаялъул регионалияб этапалда бергьараллъун ва призераллъун рахъана 52 цIалдохъан. Гьеб гуребги, цIалдохъабазул ва гьезул насихатчагIазул гьунаралъул, сабруялъул, хIаракатчилъиялъул кумекалдалъун шагьаралъул школазе щвана 164 цебесеб бакI. Гьале гьезул цо-кIигоял.

Муслимат Ипиевалъ нухмалъи гьабулеб лъималазул «Харс» абураб художествияб централъул хореографиялъул ансамблялъ бергьенлъаби росана батIи-батIиял даражабазул конкурсазда ва фестивалазда. Нальчикалда тIобитIараб «Хрустальная Терпсихора» абураб халкъазда гьоркьосеб гIемержанралъулаб фестивалалда «Харс» ансамблалъе щвана Гран-при.

«ЦIвабзазул симфония» абураб ТIолгороссиялъул художествиябгун творчествоялъул къецазда «Грация» абураб творческияб цолъиялъул гIолохъанал гимнасткабазе щвана тIоцебесеб бакIалъул диплом. 2025 соналъул ЕГЭялъул хIасилалда 12-абилеб гьоркьохъеб школа лъугIизабурай Марьям Руслановна Казихановалъе щвана Дагъистаналъул БетIерасул премия (100 азарго гъурущ).

***– Сунца дуе рухIги хIалги кьолеб гьеб захIматаб хIалтIи цебе бачине?***

– ТIоцебесеб иргаялда лъималазул лъималаз – гьезда цадахъ йикIине дие киданиги заман гIоларо. Дир хирияв Мусацаги Теймияцаги гIумру гьабулеб буго рикIкIада, амма гьел кидаго дир ракIелъ руго. Дир гьитIинаб ВатIан, дун гьаюраб ва гIураб, эбел-эмен рукъараб, рокьулел чагIаз гIумру гьабулеб Хайдакъ районалъул Маджалис росдацаги кьола дие къуват. Дие кидаго бокьун букIуна гьение тIадюссине, бацIцIадаб гьава цIазе, рокьулелгун дандчIвазе, гIажаибго берцинаб тIабигIаталъухъ ялагьизе.

***– Кинаб малъа-хъвай дуца гьабилеб букIараб гьанжего гьанже хIалтIизе вачIарав гIолохъанав учителасе?***

– ГIунгутIабаздаса ва захIмалъабаздаса хIинкъуге – гьел гьечIого рукIунаро, амма къезаризе бегьула. ХIинкъуге суалал кьезе, цIалдезе ва жиндаго тIад хIалтIизе, цадахъ хIалтIулезулгун бухьен гьабизе ккола – гьедин щола хIалбихьи. Лъай практикияб къагIидаялъ хIалтIизабиялдалъун гурони цебехун гали бахъун бажаруларо.

***– Ахираб заманаялъ цIалараб кинаб тIехьалъ дуе бищунго асар гьабураб?***

Дие асар гьабуна Харуки Муракамил «Гьорол кочIохъ гIенекке» абураб романалъ. Гьеб гIемераб жоялъул хIакъалъулъ тIехь буго: гIумруялъул магIнаялъул, араб заманалде хIасратлъиялъул, гьудуллъиялъул ва гьоркьорлъабазул, рокьул ва хвелалъул.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Хамис Шамиловалъ*



Аида
Къасумова

# МугIалим мисаллъун букIине ккола!

***Дербенталъул 12 школалъул мугIалим Аида Къасумова йиго гьеб югалъулаб шагьаралъул гвангъараб цIва гIадинай гIадан. Нижеца гара-чIвари гьабуна тарихалъул хIакъалъулъ, Президентгун дандчIвазе ккани щиб гьабизе кколебали ва щай «авторасул запятаял», гъалатI гуреб, тIокIлъилъун кколелалиги!***

***– Мун ингилис мацIалъул мугIалимлъун кин яхъарай?***

– Педагоглъун яхъинилан пикруго букIинчIо дир, мацIазде рокьи школалдасаго букIаниги. Дица кидаго гIажаиблъи гьабулаан, кин цого пикру батIи-батIиял рагIабаздалъун загьир гьабизе бегьулебилан. Цо цIодорав чиясги абун гьечIищха, гIемерал мацIал лъанагIан цIодорав вукIунин инсанилан.

***– ГьедигIан цIодорай мун Дербенталдайищ гIурай?***

– Гуро, дир эбел-эмен руго Азербайджаналъул Кусари районалдаса. Инсуца хъулухъ гьабулеб букIана Дальный Востокалда рагъулабгун ралъдал Тихоокеанияб флоталда ва гIумрудул тIоцересел санал дица рана Курилазул чIинкIиллъабазда. Байбихьул классалдеги гьений ана дун. Амма СССР биххигун, нижер хъизан Азербайджаналде гочана.

Дун лъикIай цIалдохъан йикIана, жигараб гIахьаллъи гьабулаан школалъул жамгIияб гIумруялъулъги. АнцIго соналъ Бакуялдаги цIалун, 11 классалде дун ячIана Дербенталъул 15-леб школалде. Школалги дица киналго щуйилазда ва цо гIурус мацIалъул дарсие ункъилалда лъугIизабуна: дица гIемер хIалтIизарулаан «авторазулин» абулел запятаял, ай дидаго лъезе кколин ккараб бакIалда. Гьеб мехалъго загьирлъулеб букIана дир творческияб рахъ.

***– Инфак кинха дуца тIаса бищараб?***

– Дир эбел-инсуца тIадчIей гьабулеб букIана медицинаялъул лъай щвеялда. Амма иш батIияб къагIидаялъ ана, ахирги эбелалъ гIакълу кьуна жиндир лъалкIаздасан ине. Гьедин дун лъугьана ДГПУялде. Гьеб лъугIун хадуб лъагIелалъ хIалтIана Грозныялъул нартил институталда, хадуб хIалтIизе лъугьана Дербенталъул 12-леб школалде. Гьеб школалъул директор Людмила Георгиевна Зотова лъугьана дие унго-унгояй насихатчIужулъун, гьелъул кидаго рукIунаан ракIбатулел рагIаби ва гьелъ хIеренго рихьизарулаан дир гIунгутIаби.

Дие бокьана хадубги лъай камил гьабизе ва 2023 соналъ лъугIизабуна Москваялъул пачалихъияб педагогикияб университеталъул «Пачалихъиябгун муниципалияб нухмалъи» направлениялда магистратура.

***– ХIалтIулъ бергьенлъаби ругищ дур?***

– Дие бокьилаан хIалтIи ва цIали цебетIезе ккани хъизаналъул кумекалъул букIунеб кIваралъул бицине. 2009 соналъ, кIудияб рокьиги ккун, дун ана росасе. Кинаб иш гьабулеб



бугониги, дир рахъ кколев, ракI батулеб рагIи абулев чи аскIов вукIиналъ, дие кIудияб кумек гьабуна.

2010 соналъ нижее гьавуна вас, 2013 соналъ – яс. Амма халатаб декреталъулаб отпуск дир букIинчIо. ТIоцебесеб лъимергун дица бащдаб лъагIел гIанасеб заман бана рокъоб, кIиабилеб лъимергун дагьаб халат бахъана. КIиабилеб лъимаде дун йигеб мехалъ хвана дир эбел, ясалъ лъагIелгун бащдаб балаго хвана эменги. Гьеб букIана захIматаб заман. Дун хIалтIуде яхъана ва гьелъги хъизаналъги цадахъ кумек гьабуна дие гьеб кIудияб къварилъиялдаса бергьине.

2014 соналъ дица гIахьаллъи гьабуна «ЛъагIалил учитель» абураб конкурсалда ва призеразде гъорлъе ккана, хадусеб соналъ дун шагьаралда бергьана. Гьелда хадубго бачIана профессионалиял конкурсазда гIахьаллъи, дарсил материалал гIуцIи, проекталъулал хIалтIаби, насихIатчилъи.

2016 соналъ дие кьуна «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник» абураб хIурматияб цIар. 2018 соналда бергьана «Сахлъи цIуниялъул мугIалим», «Интерактивиял технологиял» ва «Бищун лъикIаб лъайкьеялъул проект» абурал конкурсазда. Гьединго дие щвана Дагъистан Республикаялъул БетIерасул ва «Россиялъул бищун лъикIал мугIалимзаби» абурал грантал, дун яхъана «МугIалимасул рухIияб бахIарчилъи» конкурсалъул лауреатлъун. 2019 соналъул мартална дие кьуна «Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим» абураб тIадегIанаб цIар, гьеб дица рикIкIуна профессионалиял шапакъатазул бищунго кIвар бугеблъун.

***– Мун рази йигищ дурго цIалдохъабаздаса?***

– ЧIухIун абизе кIола дир бищун лъикIал цIалдохъаби ругилан. Гьез ТIолгороссиялъул школазул ингилис мацIалъул олимпиадабазда росула бергьенлъаби ва тIоцересел бакIал, гьединго Ломоносовасул цIаралда бугеб МГУялъул олимпиадаялъул финалисталлъунги рахъана. Гьале чанго сон буго Россиялда машгьураб «КIудияб перемена» хIаялъул насихIатчIужулъун дун йигелдасаги.

***– Школалда хIалтIи гуреб, цоги бугищ дуе бокьулеб иш?***

– Дирго мугIалимлъиялъул хIалтIуда цадахъ, дица жигараб хIалтIи гьабулеб буго федералияб даражаялда ругел профессионалиял ва экспертазулал платформабаздаги.

2023 соналъ дун тIамуна Дагъистаналъул лъайкьеялъул министр ЯхIя Бучаевасул советниклъун. Гьебго соналъ гIахьаллъана «Россия – ресазул ракь» абураб президентасул платформаялъул халгьабиялъул коллегиялъул юбилеялъулаб данделъиялда. Гьеб данделъи тIобитIана Кремлялъул Екатериналин абулеб залалда ва бачунеб букIана Россиялъул Президент Владимир Путиница.

Гъоркьисала дун, микьазаргоялдаса цIикIкIун гьаркьалги щун, «Лъайкьеялъул бахIарчи» абураб категориялда «БахIарзазул гьаракь» абураб халкъияб премиялъул лауреатлъун яхъана. Дие кIудияб квербакъи гьабуна Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялъ, Дербенталъул лъайкьеялъул управлениялъ, гьудул-гьалмагъзабаз, хъизан-агьлуялъ, цадахъ хIалтIулез. РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабула дица гьезие.

***– Кинал проектаз школлъимал унго-унголъунги гъорлъе цIалел ва цIияб лъай щвезе гъира базабулеб?***

– Бищунго кIвар бугел лъайкьеялъул проектазул цояблъун ккола «КIалъалел макъалатIисал» абураб инициатива. Проекталъул бутIа хIисабалда цIалдохъабаз кодоре щварал материалаздаса 3D макъалатIисал гьаруна, Дербенталъул машгьурал бакIазул ва гIадатазул бицунел. Нижеца гIуцIана хасал видеоконтентал ва хадуб щибаб макъалатIисалда жаниб лъуна QR-код, гьез гьеб макъалатIисалъул бетIергьан битIун гьел видеоконтентзде тIаде вачунеб.

2022 соналъго дир цIалдохъабаз М. И. Рудоминол цIаралда бугеб ТIолгороссиялъул къватIисел пачалихъазул адабияталъул бибилиотекаялда «Ингилисазул алфавиталда жанисан Дербент» абураб хасаб проекталъул цебелъей тIобитIана.

***– Сунца мун дурго хIалтIулъ цее тункулей?***

– ЦIалдохъабазул церетIеяз ва бергьенлъабаз. Хасго жидерго напсгун къецалда. Дица дирго цIалдохъабазда бищун цебе гIадамаллъун рукIине малъула: жакъасеб вахIшилъи гIемераб, цоцаздаса ратIатIураб дуньялалда, бищунго къиматаблъун буго чиясулъ гIаданлъи букIин.

Дица кIвар кьола, дунялалда ругел киналго мацIал цIунизе ккеялде, гьел киналго къиматал жавгьарал рукIиналде ва наслабазда лъазе ккеялде гуребги, мацIазулъ миллиял хаслъаби цIуниялде ва наслабаз наслабахъе гьеб кьеялде.

***– Щиб кколеб дуе школа?***

– Школа – ккола дир гIумру! Гьеб школалъул гIумруялда кидаго багъабачари, цIех-рех, цIебетIей ва магIна букIуна. Гьеб кинабго гьечIони инсанасе лъай киса щвелеб?

***– Дур анищ бугищ?***

– Дун ругьунлъун йиго, анищазул хурзал рекьулей йикIинчIого, чIван-къотIун суалалги цере лъун, мурадалъе гIоло къеркьезе. Дица хIаракат бахъула классалъул щибав цIалдохъанасе ингилис мацI бокьизабизе ва гьел цIикIкIун лъаялъе гIоло къеркьолеллъун куцазе.

***Виолетта Ратенкова***



Светлана ва Наталья
Савельевал

# Дир арму: суратаалъе зарал гьабуге

***Светлана Савельева ккола, жиндирго эбел, машгьурай художник Наталья Савельевалъул лъалкIалдасан арай, профессионалияй художник. 2018 соналъ Дагъистаналъул художествияб техникум лъугIун хадуб гьей Суриковасул цIаралда бугеб Москваялъул пачалихъияб академикияб художествияб институталде реставрациялъул искусство махщелалъе цIализе лъугьана. Амма Светланаца, цогидазул суратал хвасар гьари гуребги, жинцагоги рахъулел рукIана суратал. 2025 соналъул ахиралда МахIачхъалаялда рагьана гьелъул «Сотворение мифа» абураб тIоцебесеб персоналияб выставка. Нилъер журналалъе интервью кьолаго Светланаца бицана реставраторазулги тохтурзабазулги гIаммаб жо щиб бугебали ва художниказдаса гIадамазда щиб лъазе бегьулебали.***

– Дир талихIалъ: дун маданияталъ сверун ккураб рокъой гIуна, – ян бицана Светлана Савельевалъ. – Дида сверун рукIана интересал гIадамал, дир эбел-инсул, хасго дир эбелалъул баракаталдалъун. Гьеб сабаблъун дир творчествоялде гъира цебего борчIана ва гьитIинго худграфалъул студиялда бищун лъикIал мугIалимзабазда цее цIалана. Дида гIумруялъ суратал рахъулей йикIине ракIалдаго букIинчIо, тIасиял классазда психологиягун медицинаялде машгъуллъун йикIана. БукIаниги дун художествияб училищеялде лъугьана цIализе. Къисматалъ ячун ятилаха.

***– Цо заманаялъ школалда суратал рахъиялъул дарсал кьолейги йикIана мун. Гьелъ щиб дуе кьураб?***

– Педагогика ккола аслияб къагIидаялъ дунялалъулгун бухьен гьабиялъул къагIида. Гьанжеги ккола дида, лъималаздаса, чIахIиязулгун бухьен гьабизе бигьаяб бугилан. Лъимер буго тIубанго батIияб дунял, гIумруялдехун батIияб бербалагьи. Лъималгун гаргадулаго, дурго рахIат хвезабулел ва ургъел бугел цо-цо суалазе дудаго ратула жавабал, лъималаз мунго йичIчIизе кумек гьабулеб гIадин. Гьединго ругьунлъула битIун хабар гIуцIцIизе. Масала, абизин цIалдохъанасул хIалтIулъ цо-цо гъалатIал ругилан. Гьел кIвар кьечIого тезе бегьуларо, гурони хадусеб нухалъги гьел цIидасан раккизе руго. Амма суратаалъул анализ гьабулеб мехалда байбихьула гьелъул лъикIал рахъаздасан. Ва ахиралда абула: гьанибги гьанибги дагьаб батIияб къагIидаялъ гьабизе кколаанилан. Лъимал искусствоялде цIалел рукIуна цо пуланаб рекIел асаралъ. Ва дие бищунго аслияб жо буго гьеб асар гьезул рекIелъ цIуни.

***– КигIан кIудияб кIвар бугеб художникасе профессионалияб лъай щвеялъул?***

– Лъай ккола чара гьечIеб жо. Художникасда кинабго лъазе ккола. Художник-реставратор хIисабалда дида лъазе ккола химия. Художник



хIисабалда – анатомия. Ва, узухъда – тарих. Тарих лъачIого, ралагьаразда щиб бицинеб? Гьелдаго цадахъ художествияб лъаялъ цо рукIнив къазавизеги бегьула, гьединлъидал, кьучIги лъазабун, художникас гIорхъаби гIатIид гьаризе ккола ва жиндирго хатI балагьизе ккола.

***– Дуда батанищ дурго хатI?***

– Дида чIванкъотIун абизе кIола дида жеги батичIин дирго хатI. Художникасул тIолабго гIумру уна гьеб балагьизе. Гьаб бакIалда батIайиса гьабизе кколаанилан кколареб суратцин букIунаро. Дир тIоцебесеб выставкаялъул каталогалъул хал гьабидал бичIчIана дида гIемераб жо лъикIлъизабизе кколеб букIараблъи. Концептуалияб гуреб, цо-цо элементал хисизариялъул рахъалъ.

***– Эбелалъул даражаялде яхинарилан хIинкъи букIунищ дур?***

– Дир эбел цо рахъалъан идеал ккола. Дир художествияб бербалагьиялъе гьелъ гъваридаб асар гьабуна. Дир гIумруялда жаниб цо хIинкъи буго, гьелъго дие нухги бихьизабула – эбел рази йикIинарилан хIинкъи. Дир кини кIибикIарай, квен кьурай, школалде ячарай эбел хIисабалда гурей, дие бокьун буго гьелъул – Савельевалъул школалъул мустахIикъай цIалдохъанлъун йикIине. Дие цо-цо мехалъ захIмат букIунаан, хасго гьитIинаб мехалъ, лъилгун бухьен гьабулей дун йигеяли бичIчIизе: хIеренай ва лъикIай эбелалъулгунищ, яги кьварарай, амма ритIухъай мугIалималъулгунищ. Дида ракIалда бугебгIан мехалъ, колледжалде цIализе лъугьиналде цебе букIана къокъабго гара-чIвари – эбелалъулгунцин гуреб, кIодоэбелалъулгун букIун батила – гьениб гьелъ дида

бичIчIизабуна, эбел гьений дир эбел гурейлъи, дир мугIалим йикIин. Ва колледжалда дица кидаго эбелалда гьелъул цIарги отчествоги абулаан. Гьелда хурхун хIунсараби ва махсарибиги камулароан. Дир сураталъухъги ралагьун, цо-цо гьудулзабаз гьанжеги гьабула махсаро: «Эбелалъ бахъараб батила», – йилан.

***– Колледж лъугIун хадубги цIализе лъугьине хIукму гьабуна дуца. Щай?***

– Дие бокьун букIинчIо бащдаб нухги тун чIезе. Дун эбелалда цее цIалана, цогидал специалистазухъги гIенеккизе бокьун букIана. Гьеб букIана кIвар бугеб хIукму. Гьединаб гIолохъанаб ригьалда хъизан тун рикIкIаде ине захIматаб иш ккола. Амма дун йохарай йиго дица гьеб нух нахъа теялдаса.

***– Щай дуца тIаса бищараб художник-реставраторалъул хIалтIи?***

– НекIсияб берцинлъиялда квер хъвазе рес букIиналъ. Биххун, хIулун, тIагIун унеб сурат цIигьабулаго гIажаибаб асар лъугьуна рекIее. Цоги: дие дирго гIумру медицинаялда хурхинабизе бокьун букIана. Реставрацияги гьебго медицина буго. Дица суратал сах гьарула, гьел хвасар гьарула. Дир аслияб профессионалияб амру медицинаялъул этикаялъул бищунго некIсияб принципалда рекъон бачIуна: «Зарал гьабуге». Мисалалъе, дир профессионалияб карьераялъул бищунго кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун букIана дирго дипломалъулаб хIалтIи цIуни. Сурат букIана квешаб хIалалда. Гьебги букIана дир учителасул хъизаналъул ирс, гьединлъидал дида тIад кIудияб жавабчилъи букIана. Амма дир талихI ккана: реставрациялъул хIалтIаби гьарулаго ва лакалъул гъатал рахъулаго, дида гьениб художникасул гъулбас батана. Гьеб къанагIат гурони батуларо. Гьеб букIана кIудияб лъугьа-бахъин. Лъана художник Европаялдаса вукIин, Россиялдасан нухда унев чияс дагьалго портретал рахъун рукIин. Дие рес щвана гьеб тарихалда квер хъвазе. Гьеб букIана гIажаибаб лахIзат.

***– Кинаб бакIалда бичIчIулеб дуда лъалхъизе заман щун букIин, сураталда хадубккун квербагъариялъул пайда гьечIолъи?***

– Щибаб сураталъ бицуна кидал чIезе кколелали. Щибаб сураталъе къваригIуна хасаб бербалагьи.

***– Хвасар гьабураб сурат бихьизабулаго, реставраторасул цIар рехсолебищ?***

– РагIилеб-рагIиларедухъ... (велъула). Реставраторасул хIалтIи рагIдукь хутIула ва гIицIго профессионалазда гьоркьоб гурони рехсоларо. Амма гьеб цIакъ кIвар бугеб хIалтIи буго. Реставраторал рукIинчIелани, гIемерал машгьурал суратал нилъехъе щвеларoан.

***– Кинаб асар бугеб дур дурго тIоцебесеб персоналияб выставкаялда хурхун?***

– Дие жеги бичIчIизе захIмат буго дир гIумруялда жаниб гьединаб лъугьа-бахъин ккараблъи. Дида дунго унго-унгояй профессионалияй художниклъун йихьулей йикIинчIо, гьеб ролалда дие кидаго эбел йикIана. Гьанже дун кутакалда йохун йиго дирго выставкаялдаса. Дирго хIалтIабаздаса тIубанго разилъи гьечIолъи дир кидаго букIана. Кидаго дагьабги лъикI, дагьабги берцинго букIине бокьун букIуна. Дир цо жо камун, цо жо абичIого хутIараб гIадаб асар букIуна, амма дида ккола гьеб киналго художниказе гIаммаб асар бугилан. Гьеб ккола ниж церехун тункулеб къуват.

***– Ва ахирисеб суал: щиб лъазе бегьулеб гIадамазда художниказдаса?***

– Художниказ кумек гьабула гIадамазе гIумруялъул берцинлъи батIи-батIиял рахъаздасан бихьизе.

***Руслан Бакъидов***



# Цо гIаданалъул хабар

Дун йиго даргияй, мугIрузул росулъ гьаюрай ва цудунго росасе арай. Дун хехго ригьнаде кьеялъул пайда букIана, жеги ункъо лъимер хьихьизе кколев, инсуе. Дир рос – ворхатав, базалияв гIолохъанчи – вукIана дир гIумруялда жанив бищунго берцинав ва вокьулев чилъун. Дица гьесие ичIго лъимер гьабуна, амма ункъо гурони чIаго хутIичIо. ГIумру доб мехалъ, ГIабдусалам, букIана захIматаб амма талихIаб. Ва талихI, кидаго гIадин, гIемераб мехалъ хутIуларо.

ТIаде щвана рагъ. Дир рос, хъизаналъул хьул ва хIуби, тIоцересезда цадахъ ана фронталде. Лъималги кваранде къан, бухIараб магIуги тIун, халатал сардаз гIодана дун цIадухъ. Амма къварилъи жибго бачIунарелъул, ракIалдаго гьечIого ниж гочинаруна мадугьалихъ бугеб Чачан республикаялде. ГIедегIун бакIарараб рукъалъул къайи-цIаги, гьитIинал лъималги, унтарал херал гIадамалги рачун, магIарухъа цIияб бакIалде захIматаб нух бахъана нижеца. Квачги, ракъиги, унтиги, гIагарал чагIи хвейги тIаде бегарал нижер магIу бакъван букIана.

МагIу букIинчIо – гьеб лъугIун букIана, доб мехалъ рикIкIадаб гIаздаца рацарал казахазул авлахъазде рокъоса къватIире гъурал дол гIайиб гьечIел чачаназулго гIадин. Аллагьас



*МухIамад Шабанов. Апаразаби. 1988 с.*

Алжаналъул рукъ кьеги лъимерлъиялъул рохел бихьичІел лъималазе, ургъел гьечІеб херлъи лъачІел херазе, рагъул майданалда хварал рагъухъабазе, киданиги лъимер гьабичІел, чІегІербан хварал руччабазе, васазухъ ралагьун бецццлъарал улбузе. Киназего. Амин!

Диеги лъималазеги, фронтовикасул лъади хІисабалда, щулияб кІитІалаяб рукъ кьуна ва ниж цІияб гІумруялде ругьунлъизе лъугьана. Дун рогьаралдаса рукІкІинегІан хІалтІулаан колхозалъул хурзабахъ. ГІарз бахъизе бакІги букІинчІо. ЗахІматаб хІалтІудаса дун нахъе къалароан – хъизан дир жавабчилъиялда букІиндал; ва гІицІго къаси дица ракІ-ракІалъ гьарулаан ТІадегІанав Аллагьасда рагъ хехго лъугІагиян, дир росги цогидалги сах-саламатго тІадруссагиян.

Аллагьасе рецц! Рагъ лъугІизе лъагІел хутІараб мехалъ, лъукъакъотІун, орденазул керенги цІун, рос рокъове тІадвуссана. ЗахІмат буго, дуда бичІчІизабизе доб мехалъ дир букІараб рохел. Хехай ва жигарай дун, квен гьабулагоги гІодулаан, хуриб хІалтІулагоги гІодулаан: талихІалъул магІу гьоркьоса къотІичІого чваххулеб букІана дир бадиса – дун гьелдаса нечолароан. Дун дагьайги гІагарлъана Аллагьасде, гьесие рецццги дугІаги гьабулареб заманго букІинчІо.

Абизе ккола, ГІабдусалам, доб рагъул ракъараб заманаялъ нижеца кваналеб букІана кодобе щвараб жо. Дица аслияб къагІидаялъ чурпа ва пурщаби гьарулаан мичІчІил, тІанхил ва тІипалоялъул – талихІалъ, гьел жал гІемер рижулаан доб мухъалда. Гьединго столалда тІад букІунаан богІол чедги цІоросаролъул чимучариги. Циндаго дида халлъизе байбихьана къаси квенгун тараб цІара-рагІ радалалде чІобого батулеб букІин. Дирго лъималазда щаклъизе бакІ букІинчІо – рогьинегІан дида аскІор рукІана гьел – цогидаздаги, мадугьалзабаздаги: мунго гІадав чиясухъа чадил кесек бикъулеб гІадат букІинчІо нижер. Чанго сордоялъ кьижичІого цІогьорасухъ хъаравуллъиги гьабун вукІана дир рос ва цо къоялъ радал кверги ккун ункъо-щуго сон барав гІадав чорокав, хохорав васги вачун вачІана рокъове. Васасул дандечІейго букІинчІо, чачан мацІалда цо жо бицунеб букІана, чвантиниса кагътил гІарацги къватІибе балаго. Росас бицухъе, цІахІилал беразул гьев берцинав вас вукІана нижеца гІумру гьабулеб рукъалъул хважаинасул вас. Эбел-инсуца рехун тунищ яги нахъа хутІунищ – нижеда лъалеб букІинчІо. Дида лъалаан цо жо: кигІан захІматго букІаниги, нижеца гьев цІунизе кколевлъи. ХІасил калам, доб мехалъ НКВДялъул хІалтІухъабаз росаби хъирщулел рукІана чачаназул лъимал, руччаби, херал чагІи ралагьулел. Аллагьасда лъала кире гьел рачун унел рукІаралиги. ХІатта букІана бусада унтарав васасе рукІкІаби къазарун гІазаб кьураб хІужжагицин, унтиялъ чачан мацІалда ахІдезе вугищан балагьизе.

Гьеб кинабго дида лъалаан, ГІабдусалам, дун тІоцебесеб иргаялда эбеллъидал, гьаб лъимерги дир лъимер буго. Гьедин хІукмуги гьабун, сордо-къоялъ ургъулей йикІана дун кин НКВДялъул хІалтІухъабаздаса вас цІунилевилан. Дир рос, орден-медалал рарав рагъухъан хІисабалда, сельсоветалда вукІана ва гьесда лъазе кІолаан чекистазул халгьабиялъул хІакъалъулъ.

Хвасарлъиялъул пикру бачІана дихъе, нахъарокъое яккидал ва куракул пурчІуналъул таргьаялде тІаде ккедал. Дида ракІалде щвана, цо моцІалъ цере бухІараб урбаги гьекъон цо рагІи абун бажаруларого лъимал рукІараб куц. Гьанже дида лъана

щиб гьабизе кколебали... Циндаго рачIарал НКВДялъул хIалтIухъаби гIажаиблъана: азбаралъуб хъорщода тIад гIодов чIун вукIана орденал ра-рав фронтовик, аскIорго расандилел рукIана чорокал (цоцазда релълъараб ва чорокаб ретIел ретIарал) лъимал. Лъималаз гIицIго бичIчIуларел гьар-кьал гьарулел рукIана гьезул суалазе жаваблъун ва цо офицерасул таман-чаялде квер щвезе хIаракат бахъулеб букIана (дир кIудияв васас ургъараб хIилла), гьелъие инсуца хехго жаваб гьабулаан: цIцIалаца азбаралъул цо-гидаб рахъалдехун рачахъаан гьел. Гьедин КГБялъул хIалтIухъаби чIо-рого унаан, амма щибаб моцIалъ тIадруссунаа ва щибаб нухалда, гIо-дулаго, дица лъималазул щокърobe бухIараб урба тIолаан. Гьеб микьго моцIалъ дицаги лъималазги кигIан гIазаб-гIакъуба хIехьарабали цохIо Аллагьасда лъала, ГIабдусалам. Дир ракI гIодилеб букIана гьев васасулгун къо-лъикI гьабулагоги, цо кватIа-раб сордоялъ гIагарав чияс вачун ана гьев. Гьев вукIана дир анцIабилеб лъимер, дица гьабичIеб, амма дие дирго гIадин вокьулев.

Кинабго заманаялъул пардавалъ бахчула. Чачанал ватIаналде тIа-друссун хадур ниж, сихIтун, кинабго жоги гьениб тун, тIадруссун гочана. Нижеца цIияб рукъ бана, васаз хъи-занал гьаруна, дирги росасулги ро-халие лъималазул лъимал лъималги гIуна, гIумру лъикIлъана ва лъикIаб хасалихълъиялъул соналъ нижер рукъалъул кIалтIа бижараб жагадул гъветI гIадин тIегьана...

Кинабго кIочон тезе букIана... Амма цо къоялъ, богорокъове лъугьун вачIана гордил къвалалъ магIуги ба-цIцIунаго росги, ворхатав, къохьол чIегIераб плащ ретIарав гьединабго шляпаги лъурав чиги.

Дун щибго жо бичIчIуларого йикIа-на. Амма гьев чияс урбаялъул бан-каги къватIиве бахъун, жив квана-завеян абураб мехалъ, дида кинабго бичIчIана. Я, дир Аллагь! Дир бетIер сверун ана. Кодоб букIараб хIатIул суркIа гIодобеги бортун щущан ана ва дун гьаругьинан тахтаялъул рагIалда гIодой чIана. Вай, Аллагь! Дида лъа-на гьев, дир гьитинав, расги хисичIел долго цIахIилал беразул чачанав. Дида тIокIаб щибго бихьулеб букIин-чIо – магIуялъ квал-квал гьабулеб букIана. Дун, нечон, гIодое къулана, дир гьитIнав чачанавилан абуни, на-кабаздаги чIун, гIодилаго дир квераз-да къочарилев вукIана.

Кин гьеб дуда бичIчIизабилеб дида лъаларо ГIабдусалам. Гьан-же бичIчIана дида гьесул мацI, амма Аллагьасдалъун гьедула, гьеб лъачIоноги ракIалъ вичIчIилаан дида дирго вас. Гьеб хасиятаб жо ккола улбузе, ХIакъикъаталдаги, гьитIинаб жо буго дунял! Гьедин ниж дандчIва-на, цинги ратIалъана. Дир надал-даги баун, гIодовеги къулун, нижее сайгъаталги кьун, къисматалъ гIа-гараблъун ва хирияблъун гьабураб жиндирго рикIкIадаб ракьалде ана гьев.

Дун гьанже дунго йиго. Росги хва-на. Гьанже дир ирга буго ва ТIаде-гIанавгун дандчIвазе хIадур йиго. Киназдаго Аллагь гурхIаги! Амин! ХIасил калам, гIумру гIажаибаб ва захIматаб жо буго, гIолохъанчи?

Гьедин лъугIизабуна гьелъ жин-дирго хабар.

Гьеб букIана некIого. Амма гьан-жеги дир беразда цее, чIагояй гIадин, накабазда гIодойги чIун, Къуръанал-да тIаде къулун йиго кIудияб, лъикIаб ракIалъул гIакъилай, херай гIадан.

*ГIабдусалам ШагIбанов,*
*Хасавюрт*






# Баркула!

*6 февраль 2026 с.*
*Москваялда «Слово» абураб ТӀолгороссиялъул миллияб премия кьезелъун данделъи. Гьеб премиялъул «Художественный перевод» номинациялъул лауреаталлъун рахъана Марина Колюбакина ва Залму Батирова. Гьезие гьеб щвана Залму Батировалъул «Хундерил бика» абураб поэма магӀарулалдаса гӀурусалде буссинабуралъухъ.*

*Суратал Сергей Ведяшкинил*



# Как сохранять энергию?

**Однажды, листая ленту соцсети, я услышала слова одного миллионера, что среди успешных и богатых, по его наблюдениям, не все были очень умными, но все были достаточно энергичными людьми. Поэтому важнейший фактор успеха – умение сохранять и приумножать свою энергию – физическую и духовную.**

### *Устраните то, что съедает ваши силы*

✓ Бесконечные «надо». Перфекционизм, тревожность, попытки угодить всем, чувство вины – это марафон без финиша. Ваша психика перегревается, как телефон с сотней открытых приложений.

✓ Токсичное общение. Подруги-нытики, коллеги-манипуляторы, родственники, которые вечно недовольны. После разговора с ними вы чувствуете себя как выжатый лимон. Избегайте общения с «вампирами»!

✓ Информационный шум. Лента соцсетей, тревожные новости, уведомления каждые пять минут. Мозг выдыхается. Устраивайте информационный детокс – часы и даже дни без гаджетов.

✓ Беспорядок и незавершёнка. Гора немытой посуды, заваленный стол, долгий разговор, который вы откладываете. Всё это висит на фоновом режиме и жрёт ресурсы.

### *Золотые правила сохранения энергии*

- Научитесь говорить «нет» людям, которые хотят эксплуатировать вашу доброту. Выстраивайте границы: ваше время и силы не принадлежат всем! «Нет, не могу» – этого ответа достаточно, не нужно оправдываться.
- Соблюдайте правило «одного дела». Не пытайтесь делать несколько дел одновременно, делайте всё по очереди, решайте проблемы по мере поступления. Многозадачность – иллюзия эффективности, а на деле она высасывает силы.
- Чистота – это не только порядок. Избавьтесь от ненужных вещей в доме, виртуального хлама, старых обид. Наведите порядок на рабочем столе компьютера.

### *Как «подзарядиться»?*

✓ Сон – наш лучший друг. Высыпайтесь! Ложитесь в одно и то же время, за час отключайте все экраны. Тёмная, прохладная спальня без гаджетов – лучшая обстановка для сна.

✓ Обязательно делайте паузы в течение рабочего дня. Каждые 90 минут работы – 5-10 минут отдыха: отойти от экрана, походить, выпить воды, посмотреть в окно. Это «дозаправка на ходу». Метод помидора (Pomodoro) – популярная техника тайм-менеджмента, созданная Франческо Чирилло в 1980-х. Она основана на чередовании интенсивной работы (25 минут) и коротких перерывов (5 минут), что помогает сохранять фокус и избегать выгорания. После 4-х циклов («помидоров») следует длительный перерыв (15–30 минут).

✓ Меняйте вид деятельности. Если у вас «сидячая» работа в офисе или «на дистанционке», лучший отдых – прогулка, аэробные нагрузки, танцы. Разгоняйте кровь!

Если вы мама в декрете – полезно полежать с книгой, почитать вдохновляющие истории, послушать позитивную аудиокнигу.

✓ Природа и движение восстанавливают. 30 минут в парке или на берегу моря без телефона снижают уровень кортизола – гормона стресса. А растяжка или лёгкая йога возвращают вас в ресурсное состояние.

**Ваша энергия – это как смартфон: если целый день сидеть в «тяжёлых» приложениях, к вечеру он сядет. А если иногда ставить подзаряжать и закрывать фоновые процессы – будет работать долго и бесперебойно.**

*Асият Мусаева*

Шамайя
Ибрагимова



# Стиль как путь и опора

***Шамайя Ибрагимова рассказала о своём пути – от индустрии красоты и предпринимательства до стилистики, о клиентах и о том, почему стиль для неё – это всегда чуть больше, чем одежда.***

– Родилась я в Новолаке. Когда гремели боевые действия в 1999 году, мама забрала нас, 4-х детей, и мы все перебрались в Махачкалу. Училась я в школе № 42, а закончила среднее образование уже в Новолаке. «Базу» по экономике получила в ДГИНХ. На третьем курсе вышла замуж и переехала с супругом в Сургут. Мы прожили там около девяти лет – там я стала мамой троих детей (сейчас им 11, 7 и 6 лет). Со временем мы приняли решение разойтись, и я вернулась в Дагестан, в Каспийск.

В бьюти-сферу я пришла ещё на Севере и продолжила в Дагестане: визаж, смежные направления, работа в салонах. Постепенно сформировалась клиентская база. Позже я обучилась работе на гибридном лазерном аппарате и развила это направление: сегодня у меня есть свои филиалы в Каспийске, Махачкале и в Москве. Но даже когда всё шло стабильно в бьюти-направлении, я не забывала мечту детства – стилистику, я должна была к ней прийти. Поэтому прошла интенсивное обучение с практикой в Москве. Сегодня я уже веду клиентов как стилист: консультации, разбор гардероба, шопинг-сопровождение. В какой-то момент я честно призналась себе: работать на два больших направления на максимуме очень сложно. И я начала выстраивать приоритеты и систему – чтобы не выгорать, а расти.

***– Почему вы мечтали стать стилистом?***

– Нас четверых мама растила одна. Она много работала, но модные обновки были не всегда доступны. Наверное, именно тогда у меня и появилась любовь к стилю как к творчеству: шила куклам платья, переделывала вещи, могла взять рубашку брата и превратить её во что-то более актуальное. Я с детства любила смотреть показы мод и всегда чувствовала, что одежда не просто «красиво-некрасиво», а инструмент, который помогает человеку почувствовать уверенность и внутреннюю опору. Визаж и бьюти-направление стали для меня востребованным и практичным путём.

Также я проходила обучение, связанное с личностным ростом. А экономическая база пригодилась в построении бизнеса. Друзья часто говорили, что у меня хороший вкус, и я помогала близким собирать образы, постепенно это переросло в профессиональный интерес и практику. Сейчас я развиваю два формата: индивидуаль-

ную работу со стилем и обучающие продукты, которые готовлю к запуску: вебинары, мини-группы по имиджу и стилю.

В индивидуальной практике востребованы три направления: консультация по стилю, разбор гардероба и шопинг-сопровождение. Также бывают точечные задачи: подбор прически и цвета волос, составление «журнала стиля», индивидуальное обучение – когда мы не просто собираем образы, а учимся понимать свои сильные стороны и выстраивать гардероб осознанно. Дополнительно я веду модные каналы в нескольких соцсетях.

***– Как находились самые первые клиенты?***

– Как и у большинства специалистов: сначала друзья и знакомые, затем начинает работать «сарафанное радио». Большую роль играет и интернет: социальные сети, портфолио, отзывы. Человек находит специалиста, изучает работы, смотрит подачу, и, если ему близки вкус и подход, он приходит на консультацию.

***– С какими проблемами люди приходят?***

– Если обобщить, чаще всего запросы связаны с желанием перемен и роста. Иногда человек говорит: «я себе не нравлюсь», «не понимаю, что мне идёт», «не чувствую женственности», «хочу выглядеть статуснее», «начинаю новый этап». В таких случаях стиль – это не только про вещи. Мы аккуратно затрагиваем тему самооценки и восприятия себя: внешнее и внутреннее очень связаны. Кстати, я веду курс стиля для подростков – он рассчитан на девушек от 12 до 17 лет.

***– Как вы следите за модными тенденциями?***

– Через профессиональные источники: медиа, аналитика, показы, журналы и тематические сообщества. Люди разные: кто-то хочет быть максимально трендовым, а кому-то ближе рациональный гардероб и хорошая база. Но стилист в любом случае должен держать руку на пульсе – быть современным и уметь адаптировать тенденции под конкретного человека, его образ жизни и цели.

***– С каким бюджетом вы работаете, говоря о шопинг-сопровождении?***

– Я работаю с любым бюджетом: от демократичного сегмента до брендов высокого уровня. Моя задача – собрать гармоничный гардероб в рамках возможностей клиента и найти вещи, которые действительно украшают и работают на образ. Я начинала с малых шагов, и сейчас учусь на фэшн-стилиста, потому что мне близка тема самовыражения через стиль и внутреннюю уверенность женщины. Наверное, самое сложное – это моменты, когда ты остаёшься один на один со своей ответственностью. Когда понимаешь, что никто не придёт и не решит за тебя. Но именно такие периоды делают человека сильнее.

Стиль – это гораздо больше, чем просто одежда. Иногда женщина меняет образ – и вместе с этим меняется её состояние, её уверенность. Мне интересно работать именно с этим – помогать людям раскрывать себя. Чтобы они чувствовали себя красивыми и уверенными: не для кого-то, а для себя!

***Виолетта Ратенкова***

# Дагестан вдохновляющий

## *(из воспоминаний А. Мариенгофа)*

«Мы лежали в своем купе. Есенин – уткнувшись во флоберовскую «Мадам Бовари». Некоторые страницы, особенно его восторгавшие, читал вслух.

В хвосте поезда вдруг весело загалдели. От вагона к вагону пошёл галдёж по всему составу. Мы высунулись из окна. По степи, вперегонки с нашим поездом, лупил обалдевший от страха перед паровозом рыжий тоненький жеребёнок.

Зрелище было трогательное. Надрываясь от крика, размахивая штанами и крутя кудлатой своей золотой головой, Есенин подбадривал и подгонял скакуна. Версты две железный и живой конь бежали вровень. Потом четвероногий стал отставать, и мы потеряли его из виду.

Есенин ходил сам не свой…

А в прогоне от Минеральных Вод до Баку Есениным написана лучшая из его поэм — «Сорокоуст». Жеребенок, пустившийся в тягу с нашим поездом, запечатлён в образе, полном значимости и лирики, глубоко волнующей.

В Дербенте наш проводник, набирая воду в колодце, упустил ведро. Есенин и его использовал в обращении к железному гостю (поезду – *прим. ред.*) в «Сорокоусте»:

*Жаль, что в детстве тебя не пришлось*
*Утопить, как ведро в колодце.*

В Петровском Порту (Порт-Петровске – *прим. ред.*) стоял целый состав малярийных больных. Нам пришлось видеть припадки, поистине ужасные. Люди прыгали на своих досках, как резиновые мячи, скрежетали зубами, обливались потом, то ледяным, то дымящимся, как кипяток.

В «Сорокоусте»:
*Се изб древенчатый живот*
*Трясёт стальная лихорадка!*»

1926 г.



*Милый, милый, смешной дуралей,*
*Ну куда он, куда он гонится?*
*Неужель он не знает, что живых коней*
*Победила стальная конница?*

С. Есенин

***Подготовила Гульнара Асадулаева***



# Там, где живёт красота: Школа Кристины Акоповой

***В Махачкале есть место, куда женщины приходят не просто за уходом. Они приходят за преображением, знаниями и уверенностью. Это Школа красоты Кристины Акоповой, врача-дерматолога, косметолога и тренера.***

***От диагноза – к призванию***

Путь Кристины в профессию не был усыпан розами. В юности она отучилась в юридическом институте, но быстро поняла: это не её. Душа требовала красоты и гармонии. В 1997 году окончила московский Дом русской косметики, затем поступила в Санкт-Петербургский медико-технический институт, а завершила ординатуру в 2006 году. Высшее медицинское образование дало ей главное – понимание глубины процессов в организме.

Толчком к выбору специализации стала личная драма. Когда жила в Кизляре, Кристина обратилась к косметологу и получила тяжёлую инфекцию. Полтора года лечилась,

обошла множество врачей, но никто не мог внятно объяснить, как это исправить. «Именно тогда я поняла: косметолог без медицинской базы – это лотерея, где на кону здоровье», – вспоминает Кристина. Так родилась её миссия: учить грамотно и лечить безопасно.

### *Школа, куда возвращаются*

Сегодня Кристина Акопова живёт в Махачкале, но Кизляр не забывает. Раз в месяц она обязательно приезжает в родной город, чтобы преподавать. Её география давно вышла за пределы республики: Москва, Санкт-Петербург, Владикавказ, а теперь и Дубай. Ее приезда ждут как праздника, готовят тёплые встречи и с трудом отпускают.

Кристина – тренер нескольких косметических компаний и востребованный спикер. На её мастер-классах всегда аншлаг. На своих занятиях она учит думать, видеть диагноз, понимать анатомию и физиологию. Более четырёх тысяч специалистов выпустила она за годы работы. Удивительно, но те, кто пришёл к ней 20 лет назад, до сих пор возвращаются пополнять знания, сверять опыт, просто увидеть своего Учителя. Диплом Кристины Акоповой в Дагестане – знак качества. Обладательниц такого документа с радостью берут в лучшие салоны страны.

Кристина – требовательный педагог. Экзамены принимает строго, халтуру не пропускает. «Пока не сдашь – диплом не получишь» – это знают все. Потому что на кону – лицо и здоровье её будущих коллег.

### *Любовь длиною в 30 лет*

В жизни Кристины есть ещё одна опора – семья. С мужем Рамазаном они вместе 30 лет. Их знакомство случилось в Кизляре, когда его бригада делала ремонт в её квартире. Он покорил её добротой, необычным юмором и звонким смехом. Рамазан добивался её четыре месяца, и она, наконец, сделала шаг, изменивший жизнь.

Рамазан – романтик. До сих пор каждые выходные дарит жене цветы и приглашает в ресторан. Он всегда поддерживал её начинание: когда Кристина училась, сидел с детьми и ни разу не сказал, что ему тяжело. Их брак прошёл через страшное испытание: во время теракта в Кизляре Рамазан был тяжело ранен осколком, три года не мог ходить. Они выдержали, прошли через это вместе. Сейчас он передвигается с тростью, но это не мешает им радоваться жизни, работать и любить.

### *Почему стоит приехать к Кристине?*

Если ищете косметолога, то здесь вы получите не просто процедуру. Вы получите безопасность, честность и руки, которые любят своё дело. Кристина успокоит, если страшно, подскажет, что реально нужно вашей коже, и сделает всё с ювелирной точностью.

Если вы мечтаете стать косметологом, то вам – сюда. Школа Кристины Акоповой даёт не только диплом, но и дорогу в профессию. Её учениц ждут в салонах по всей стране, потому что их подготовка видна сразу. А ещё здесь вы попадёте в сообщество единомышленниц, где поддерживают друг друга долгие годы.

Кристина Акопова – красивая, мудрая, добрая и невероятно талантливая. Она живёт в ритме столицы, но носит в сердце тепло маленького Кизляра. Она объездила полмира, но главное её сокровище – ученицы и пациентки, которые уходят от неё счастливыми, улыбаясь своему отражению в зеркале.

***Виолетта Ратенкова***



# Милый дом

***Именно так называется риелторская компания, которой руководит Айшат Рамазанова. О своей работе и жизни героиня рассказала читателям журнала «Женщина Дагестана».***

Она появляется в офисах организаций и на шумных стройках побережья всегда с улыбкой. Невысокая, хрупкая и светлоглазая, с мягким украинским акцентом.

Для одних Айшат Рамазанова – лучший специалист по недвижимости на Каспии. Для других – «наша Айшат», которая двадцать лет назад приехала в горы невестой и стала здесь своей.

– Меня часто спрашивают: «Как украинская девушка с отчеством «Николаевна» смогла не просто выжить в незнакомой ей культуре, а стать здесь востребованным профессионалом?» – смеётся она, разливая по пиалам душистый горный чай.

– А я всегда улыбаюсь в ответ. Потому что моя жизнь – готовый сценарий для доброго фильма.

Это была встреча, от которой замерли пальмы. Всё закрутилось жарким летом 2005 года в Сочи. Айшат с мамой отдыхали на море, строили привычные планы: работа, замужество – за «своего», спокойная жизнь. И тут в их размеренный отпуск ворвался он – Махмуд. Аварец с открытой, располагающей улыбкой и тем самым кавказским азартом, от которого у девушек вдруг перехватывает дыхание.

– Он был другим, отличался от местных парней, – вспоминает Айшат. – Чистым, искренним. Отпуск растаял быстро. А чувства – нет. Махмуда мы пригласили в гости, в Кривой Рог. И вот тут Айшат впервые разглядела его главный талант: он мог не только красиво говорить, но и делать. Умелыми руками настоящего мастера-строителя вдохнул новую жизнь в серость будней.

А потом случился Дагестан. И это оказалось не просто знакомством с родиной мужа – это стало откровением.

– Я впервые услышала Азан, – голос Айшат чуть дрожит. – Мурашки побежали по коже от этого величественного призыва.

Она приняла ислам. Сама. Без уговоров. Потому что сердце вдруг сказало чётко и ясно: «Здесь твой дом». Свадьбу играли в родовом селении мужа – Ботлихе. Горы шумели в такт зажигательной лезгинке, столы ломились от яств, а новые родственники окружили ее теплом и любовью. Казалось, счастье будет бесконечным, как горные вершины вокруг.

Но жизнь – дама с характером. Она любит испытывать на прочность. Когда Айшат уже носила под сердцем двойняшек – Шамиля и Шариат, врачи вынесли безжалостный приговор: онкология. Рожать нельзя. Смертельно опасно.

– Я посмотрела на мужа и сказала: «Мы будем бороться. Вместе».

Айшат родила здоровых, крепких малышей, а сразу после родов её увезли в онкологическое отделение. Махмуд остался один с двумя младенцами на руках. Сам купал, кормил, укачивал, менял пелёнки. Пока она сражалась за жизнь в больничной палате, он держал домашний тыл. Когда болезнь отступила, она вышла из больницы уже другим человеком.

– Я поняла главное: как важен в этой жизни свой угол, то самое место, где тебя любят, ждут и где всегда тепло. Всем нужен свой Милый дом.

Так в её жизнь вошла профессия. Сегодня Айшат Рамазанова – тот самый специалист, к которому выстраивается очередь. Но она не любит слово «риелтор». Говорит: «Я помогаю людям обрести уют».

– Недвижимость – не столько стены и метры, сколько судьбы, – объясняет она. Ко мне приходят семьи, которым срочно нужно продать квартиру, потому что жизнь перевернулась. И я не просто ищу покупателя – я ищу выход. Ко мне обращаются молодые пары, мечтающие о первой «двушке». И я разделяю их трепет.

К Айшат едут со всей России. Дагестан – на пике туристического бума. Гости влюбляются в Каспий, в горы и хотят остаться здесь навсегда. Приобрести жилье в Дагестане.

– Я знаю, о чём говорю, когда советую район или дом, – улыбается наша героиня. – Я сама прошла этот путь. От гостьи до хозяйки. Я знаю цену дому, который строится на любви. И знаю цену профессионализму, который помогает людям не ошибиться.

Мы пьём чай, а за окном её уютного кабинета бушует седой Каспий. Айшат провожает очередных клиентов – молодую пару из Москвы: они только что подписали договор на квартиру с видом на море.

– Смотрите, как они счастливы. Это же лучшая награда.

Я спрашиваю, не жалеет ли она иногда. Не тянет ли обратно в Кривой Рог, на Украину?

– Здесь мой дом, – пожимает плечами Айшат. – Здесь муж, дети, друзья, подруги, море, горы, мои люди. И моё дело.

И, выдержав паузу, продолжает:

– Если вам нужна не просто сделка, а поддержка, понимание и честный совет – приходите. Я помогу найти ваш берег, ваш Милый дом.

Айшат Рамазанова – специалист по продаже недвижимости на Каспийском побережье. Её миссия – забота о клиентах. Она тщательно проверяет документы, знает все районы, чувствует рынок и никогда не предлагает кота в мешке.

Если вы мечтаете о доме у моря – просто позвоните ей на номер +7 (928) 559 06 28. Разговор будет тёплым, как горный чай, и честным, как её улыбка. Айшат ждёт вас!

Дом там, где вас ждут.

***Виолетта Ратенкова***



*Светлана Савельева. «Берег». 2025. Холст, акрил*

ИНДЕКС ПМ803

4 651116 280082

**Свободная цена**
**6 +**